

BROWARD SHERIFF'S OFFICE

**Depatman Detansyon
ak
Kontwòl Kominote**



TILIV ENFÒMASYON POU PRIZONYE

Revize nan ane

2012

**BROWARD SHERIFF'S OFFICE
DEPATMAN DETANSYON AK KONTWÒL KOMINOTE
TILIV ENFÒMASYON POU PRIZONYE
SA KI NAN LIV LA**

ENTWODIKSYON.....	2	
PEMAN LAJAN POU JWENN LIBÈTE SOU KONDISYON	2	
FRÈ POU PEYE	3	
MAGAZEN ak DEPO LAJAN.....	4	
• Koupon Peman		
DEMANN AK DOLEYANS	4	
KLASMAN.....	5	
INITE SIPÈVIZYON DIRÈK.....	5	
KOURYE.....	5	
• Adrès ak Adrès Postal Sant Prizon yo		
SÈVIS NOTÈ.....	6	
SITWAYEN ETRANJE / ETRANJE K AP VIV NAN PEYI A.....	6	
PRIVILÈJ TELEFÒN.....	6	
• Move itilizasyon Privilèj Telefòn		
• Nimewo Telefòn pou Rele Gratis		
FASON POU APLIKE POU YON AVOKA KI PLEDE POU GRATIS.....	8	
FASON POU JWENN ENFÒMASYON SOU TRIBINAL.....	8	
LWA ANFAVÈ AMERIKEN ANDIKAPE (ADA).....	8	
LOJMAN.....	9	
• Enfòmasyon sou Tablo Afichaj		
IJANS / PWOSEDI POU DEPLASMAN.....	9	
BYEN PÈSONÈL.....	9	
RAD POU METE POU PREZANTE NAN TRIBINAL.....	9	
DISTRIBISYON RAD ak ATIK POU KOUICHE.....	10	
IJYÈN PÈSONÈL.....	10	
SÈVIS LESIV.....	10	
KONTREBANN.....	10	
FOUY.....	10	
RÈG AK DISIPLIN.....	10	
• Rapò sou Vyolasyon Règ	• Pwosesis Odyans Disiplinè	• Sanksyon
• Ankèt	• Desizyon Disiplinè	• Pwosesis pou fè Apèl kont Mezi Disiplinè
KÒD KONDUIT.....	12	
• Vyolans Seksyèl (Kadejak) / Atak Seksyèl		
VYOLANS SEKSYÈL / ATAK SEKSYÈL.....	13	
VIZIT.....	14	
• Règ pou Vizitè yo		
SÈVIS SWEN		
MEDIKAL.....	15	
• Aksè		
• Barèm Frè pou Peye		
• SIDA / VIH		
SÈVIS POU SWEN		
CHEVE.....	16	
SÈVIS RELIJE.....	16	
LWAZI.....	16	
PWOGRAM.....	17	
BIBLIYOTÈK POU LEKTI (Lwazi).....	19	
Pwogram DAY REPORTING and REENTRY CENTER.....	17	
LIBERASYON ANVAN PWOSE.....	17	
LIS SÈVIS KI DISPONIB APRE LIBERASYON.....	18	
• Abri	• Manje	• Pwogram Pwofesyonèl-Teknik
• Sèvis pou Abi Alkòl/Dwòg	• Veteran	
• Swen Sante	• Djòb	
LIS ATIK KI AKSEPTAB ANDEDAN SELIL.....	21	
NÒT.....	22	

ENTWODIKSYON: Ou an gadavi nan youn nan sant detansyon *Broward County Sheriff's Office*, Depatman Detansyon ak Kontwòl Kominote. Se anplwaye nou yo ki responsab pou ba ou swen ak sekirite ou pandan tan w ap pase nan gadavi a. Pou ede anplwaye yo ak pwòp tèt ou, tanpri li **Tiliv Enfòmasyon sa a pou Prizon yo**, epitou swiv règ ak règleman yo. Depi ou li liv enfòmasyon an, w ap konprann sa ou kapab atann, ak sa nou mande ou pou fè. W ap jwenn eksplikasyon sou tout dwa ak responsablite ou yo nan tiliv enfòmasyon sa a. Si ou pa konprann enfòmasyon ki nan tiliv sa a, mande anplwaye yo pou ede ou.

Tiliv sa a genyen ladan tou enfòmasyon sou pwogram ak sèvis ki disponib pou ou pandan ou nan gadavi a. Si ou genyen kesyon sou fason pou peye lajan pou jwenn libète sou kondisyon, sou fason pou patisipe nan pwogram yo, sou peman lajan pou viv pandan ou nan gadavi a, oswa sou akizasyon / pwoblèm ki te lakòz ou vini nan gadavi a, tcheke kyòsk enfòmasyon yo, mande cherif-adjwen depatman lojman ou oswa lòt manm pèsònèl la pou ede ou jwenn repons pou nenpòt kesyon ou kapab genyen.

Enfòmasyon ki nan tiliv la se enfòmasyon ki itil menm apre ou fin sòti nan prizon an. Tiliv enfòmasyon sa a genyen enfòmasyon enpòtan ou kapab itilize pandan ou nan prizon an, epitou li idantifye pwen kontak ak sèvis kominote ou kapab bezwen lè ou sòti nan prizon an. Pandan ou nan prizon an, ou gen responsablite pou vin abitye ou avèk tout sa ki nan tiliv enfòmasyon sa a, epitou ou gen responsablite pou swiv règ ak règleman yo, ak pou obeyi lòd anplwaye yo ba ou.

Nòt: Prensip, pwosedi, règ ak règleman ki dekri nan tiliv sa a kapab chanje tanzantan avèk oswa san avètisman, epi lè nou ajoute chanjman yo nan tiliv la, sa pa fè ou vin genyen okenn kalite enterè nan libète oswa nan pwopriyete.

RANSÈYMAN JENERAL: Lè nou t ap pran ransèyman ou pou mete ou an gadavi sant detansyon *Broward County Jail*, nou te ba ou yon nimewo arestasyon (**CIS#**). Nimewo sa a ap idantifye ou pandan tout tan ou pase nan gadavi a. Ou gen responsablite pou sonje nimewo arestasyon ou nan tèt ou. Nimewo arestasyon an ap ede nou idantifye ou, epitou l ap ede nou konnen kote afè pèsònèl ou yo ye ak nenpòt pwoblèm ki gen enpòtans pou ou.

W ap rete nan youn nan sant detansyon nou yo jouk lè ou peye lajan pou jwenn libète sou kondisyon. Si ou peye lajan sa a, w ap jwenn libète nan pwogram Libète anvan Pwosè. Answit, yon jij ap pran desizyon sou ka ou, epitou l ap ba ou santans ou. Se avoka ou oswa yon avoka ki plede pou gratis ki kapab ba ou pi bon repons pou kesyon legal konsènan ka ou. Yo tandè ka deli ak ka ki konsène vyolasyon règ sikilasyon machin nan County Court (Tribinal Konte) a. Yo tandè ka kriminel yo tandè nan Circuit Court (Tribinal Itineran). Ou nan prizon isit la sou baz detansyon sivil, kidonk se yon jij Civil Court (Tribinal Sivil) ki pral tandè ka ou. Si ou resevwa santans sou akizasyon leta pou pase yon ane oswa mwens pase yon ane nan prizon, w ap piye santans ou nan youn nan bilding Gadavi Konte Broward. Si ou resevwa santans ou pou pase plis pase yon ane nan prizon, n ap transfere ou nan *State Department of Corrections* (Depatman Koreksyon Leta), depi yo pran desizyon sou **tout** akizasyon ki pandye sou ou yo. Si ou resevwa santans ou sou akizasyon federal epi ou pa genyen okenn akizasyon ki pandye sou ou, n ap transfere ou nan Biwo Federal Prizon.

PEMAN LAJAN POU JWENN LIBÈTE SOU KONDISYON: Si ou te genyen lajan lè nou t ap pran ransèyman ou yo, n ap louvri yon kont lajan otomatikman pou ou, epitou ou kapab itilize lajan sa a pou peye libète sou kondisyon pou ou ka jwenn libète sou kondisyon. W ap genyen aksè pou wè kont ou nan kyòsk prizon yo ki nan sal lwazi yo ki nan chak sant detansyon.

Ajan Libète sou Kondisyon: Ou kapab kontakte yon ajans libète sou kondisyon pou peye libète sou kondisyon pou ou. Gen yon lis nimewo telefòn ki afiche nan zòn anrejistreman ak gadavi a. Anyè telefòn yo disponib pou ou depi ou fè demann lan.

Gen **sèvis Gichè Otomatik (ATM)** ki disponib nan zòn liberasyon / anrejistreman nan *Broward Sheriff's Office, Main Jail* - 555 SE 1st Avenue, **pou peman libète sou kondisyon imedyat sèlman**. W ap peye yon frè \$3.00 dola pou chak tranzaksyon ou fè. Anplis frè sa a, enstitisyon finansyè ou kapab fè ou peye yon kantite lajan tou.

Sèvis Ankèsman Rapid Western Union: Sèvis sa a pèmèt yon moun k ap viv nenpòt kote nan peyi a voye fè yon depo lajan pou ou pandan ou nan gadavi a, nan kèk minit sèlman, pou peye libète sou kondisyon an pou ou oswa pou fè depo lajan nan kont magazen ou.

- **POU TRANZAKSYON AVÈK LAJAN KACH:** Rele Western Union nan 1-800-325-6000 oswa ale nan sou Entènèt nan sitwèb www.westernunion.com pou ou jwenn adrès biwo ajan ki pi pre w la.

Ale nan biwo ajan Western Union nan avèk:

- Kantite lajan kach pou voye a
- Kantite lajan frè Western Union an kach (Selon kantite lajan w ap voye / maksimòm \$5,000 pou chak tranzaksyon)
- Ranpli **FÒM BLE ANKÈSMAN RAPID LA**
- Sonje pou ou sere resi ou pou kapab swiv tranzaksyon an.

OSWA

- **POU SÈVIS NAN TELEFÒN AVÈK YON KAT KREDI:**

Rele Western Union nan nimewo 1-800-634-3422 (Peze bouton 2 pou voye peman Q/C). **Ankèsman Rapid (Quick Collect) ki fèt nan Telefòn pou yon tranzaksyon pa kapab depase \$400.00 si li fèt nan youn nan Eta sa yo: Connecticut, Maine, Massachusetts, Minnesota ak New York.**

OSWA

- **POU SÈVIS SOU ENTÈNÈT: FÈ YON MANM FANMI OU ALE NAN SIT ENTÈNÈT POU ANKÈSMAN RAPID AN DIRÈK NAN SIT WÈB www.westernunion.com**

- **Pou voye lajan oswa pou peye libète sou kondisyon, moun k ap voye lajan an ap fèt pou bay enfòmasyon sa yo nan Western Union:**

Peye Ba: **Broward Sheriff Cash Bonds**

Kòd Vil ak Eta: **COPS / FL**

Nimewo Kont Prizonye a genyen nan Sant Detansyon an: **Nimewo ID Prizonye a (Nimewo Arestasyon/CIS #)**

Atansyon: **Non, Dat Nesans**

Kantite Lajan pou Voye a:

Nimewo Kat Kredi a ak Dat Espirasyon li:

Bank ki te Bay Kat Kredi a:

- **Pou voye lajan pou prizonye a kapab achte nan Magazen Prizon an, moun k ap voye lajan an ap fèt pou bay enfòmasyon sa yo:**

Peye Ba: **Broward Sheriff Inmate Bank**

Kòd Vil ak Eta: **CANTEEN / FL**

Nimewo Kont Prizonye a genyen nan Sant Detansyon an: **Non ak Nimewo Idantite Prizonye a (Nimewo Arestasyon an/ CIS #)**

Kantite Lajan pou Voye a:

Nimewo Kat Kredi a ak Dat Espirasyon li:

Bank ki te Bay Kat Kredi a:

- **Enfòmasyon pou Moun k ap Voye Lajan an:**

Frè Western Union an detèmine selon kantite lajan ou ta renmen voye a

Frè Labank kapab aplike

Ankèsman Rapid (Quick Collect) nan Entènèt (www.westernunion.com) disponib nan tout 50 eta yo (kèk restriksyon kapab anvigè)

FRÈ POU PEYE

Inifòm/Lenj pou kò: Prizonye ki anrejistre nan sistèm gadavi Konte Broward ap peye yon sèl frè pou yo jwenn inifòm ak lenj pou kò yo.

Satisfaksyon Bezwen: N ap fikse yon frè pa jou pou satisfaksyon bezwen prizonye yo pou yo peye frè pou lojman. Yon barèm frè pou satisfaksyon bezwen afiche nan zòn lojman ou. Prizonye ki sòti nan *State Prison* (Prizon Leta) p ap peye yon frè pou satisfaksyon bezwen ak/oswa yon frè inifòm si yo isit la sèlman kòm **yon temwen pou yon pwosè ki diferan ak pwòp pwosè yo.**

Medikal: Genyen yon barèm frè pou peye pou divès sèvis medikal. Tanpri al gade seksyon “Sèvis Swen Sante” pou jwenn plis enfòmasyon.

Ekspedisyon Kourye: Ou fèt pou peye frè ekspedisyon pou tout kourye w ap voye deyò.

Evalyasyon frè pou peye: Frè yon prizonye dwe sòti nan balans ki sou kont prizonye a. Si yon prizonye pa genyen lajan sou kont li pou peye frè li dwe pou inifòm, ekspedisyon kourye, ak sèvis medikal nan moman n ap fè dediksyon an, kont lan ap debite pou kantite lajan prizonye a dwe a, epi n ap touche frè sa yo lè vin gen depo lajan ki fèt sou kont lan. N ap pran frè pou satisfaksyon bezwen sèlman nan kont ki gen balans pozitif, epitou frè sa yo p ap akimile.

Prizonye ki jwenn liberasyon yo avèk yon balans yo dwe pou inifòm, ekspedisyon kourye ak/oswa frè pou sèvis medikal epi ki retounen nan prizon nan twazan, ap gen pou peye balans yo dwe a nan arestasyon (yo) ki fèt apre, epitou n ap fè dediksyon frè sa yo nan lajan ki depoze nan kont prizonye a.

Ranbousman Frè: Prizonye ki p ap pije yon santans epi ki pa koupab pou akizasyon li genyen yo oswa ki jwenn liberasyon sou tout akizasyon yo kapab jwenn ranbousman, sou demann, pou nenpòt frè pou satisfaksyon bezwen prizonye a te peye deja. Pou jwenn ranbousman an, prizonye a fèt pou soumèt demann lan alekri nan trant (30) jou ki vini apre dat liberasyon li, epitou prizonye a fèt pou ajoute yon kopi desizyon tribinal la. Nou p ap satisfè demann nou resevwa apre trant (30) jou apre dat liberasyon prizonye a.

MAGAZEN ak DEPO LAJAN: Kont lajan ou kapab sèvi pou achte nan Magazen an chak semèn. Tcheke kalandriye aktivite yo pou konnen jou pou fè kòmman ak jou livrezon ou. Yo kapab depoze lajan sou kont ou nan plizyè fason:

- Lè moun nan fè yon depo lajan kach ak/oswa yon depo avèk kat kredi nan yon kyòsk ki nan antre chak sant detansyon pandan lè biwo louvri, sèt (7) jou pa semèn. Gen yon frè pou peye pou depo ki fèt nan kyòsk antre a, epitou moun k ap fè depo a fèt pou bay prenon ak non fanmi ou, nimewo arestasyon ou ak **kantite egzat lajan kach l ap depoze nan kont ou (Nou p ap remèt monnen);**
- Depi moun nan ale sou Entènèt nan sit wèb www.ezmoneyload.com oswa www.westernunion.com (al gade anwo a pou Sèvis Ankèsman Rapid); oswa
- Depi moun nan voye yon manda postal (money order) pa lapòs nan sant detansyon kote ou an gadavi a. Chèk postal (money order) nou resevwa **pa lapòs fèt pou** adrese sou prenon ak non fanmi ou, ak sou nimewo arestasyon ou.

Fè zanmi ak manm fanmi ou yo **konnen pou yo pa voye lajan kach oswa chèk pèsònèl pa lapòs.** W ap genyen aksè pou wè balans kont ou nan kyòsk prizonye a ki nan sal lwazi chak sant detansyon. **Magazen prizon an se yon privilèj epi si w ta fè abi privilèj sa a, w ap gen restriksyon pou itilize sèvis la.**

Bon pou Fè Peman: Si ou bezwen bay lajan pou yon moun ki deyò gadavi a, ou fèt pou ranpli yon fòm bon pou peman. Mande cherif-adjwen depatman lojman ou yon bon pou peman. Si ou bezwen èd pou ranpli li, y ap ede ou. **Ou pa kapab bay yon moun ki nan yon Sant Gadavi Konte Broward bon pou peman.** Si w bezwen jwenn eksepsyon nan règleman sa a, ou fèt pou fè yon demann alekri ba kòmandan sant detansyon an (yo) epitou ou fèt pou jwenn apwobasyon (yo). Lajan ki sou fòm bon pou peman yo fèt pou ekspedye pa lapòs nan kourye sètifye, epitou prizonye ap peye frè ekspedisyon an.

DEMANN AK DOLEYANS PRIZONYE: Tout demann ak doleyans prizonye yo fèt sou fòm elektwonik nan kyòsk ki nan inite lojman yo. Si ou bezwen asistans oswa si ou genyen yon pwoblèm medikal oswa yon lòt pwoblèm ki anpeche ou itilize kyòsk la, tanpri kontakte cherif-adjwen inite lojman ou pou jwenn asistans lan.

Demann Prizonye: Gen twa (3) kalite fòm demann (nan papyè oswa elektwonik) ki disponib pou itilize; **Fòm Demann Prizonye, Fòm Demann Medikal ak Fòm Demann Sèvis Legal.**

- Fòm Demann Prizonye disponib nan kyòsk inite lojman ou oswa ou kapab jwenn yon fòm nan men yon cherif-adjwen. Ou fèt pou itilize fòm sa a lè w ap fè demann sèvis oswa enfòmasyon nan plizyè inite detansyon. Ou ka fè 3 demann sèlman pa semèn.
- Demann Medikal la disponib sou yon fòm ou ka jwenn nan men anplwaye medikal yo. (Ou kapab retounen fòm sa yo sèlman ba anplwaye sèvis medikal la). **Pa remèt cherif-adjwen yo fòm demann medikal ou ranpli yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri al gade seksyon ki gen tit “Sèvis Swen Sante,” ki anba a.**
- Fòm Demann Sèvis Legal la disponib nan inite lojman ou. Ou fèt pou itilize fòm sa a lè w ap fè demann sèvis legal nan Bibliyotèk Legal Anliy lan. Chak prizonye kapab fè yon (1) sèl demann pou Bibliyotèk Legal pa semèn. Genyen yon lis dwa koutimye ak fòm legal ki afiche nan inite depatman lojman ou. Tanpri sonje anplwaye Bibliyotèk Legal la pa bay konsèy legal. Ou ta dwe pale avèk avoka ou sou kesyon ki gen pou wè ak dosye kriminel ou.

Nòt: Si w bezwen enfòmasyon oswa si w gen yon demann konsènan sa ki annapre yo, tanpri kontakte avoka ou oswa Grefye Tribinal yo:

- Ou gen plis pase 21 jou isit la epi ou poko konnen dat pou ou prezante nan tribinal
- Ou genyen kesyon konsènan dosye tribinal (sètadi, ranpli fòm mosyon, demann pou jijman fèt pi vit, elatriye)
- Ou bezwen tcheke yon Dosye Kriminèl oswa yon Lisans pou Kondi
- Ou gen kesyon konsènan Tribinal Sivill
- Ou bezwen dat pou prezante nan tribinal

Doleyans Prizonye: Si w ta gen yon plent konsènan fonksyonman, pwosedi, oswa anplwaye prizon an, ou ta dwe swiv pwosedi ki anba la a pou rezolisyon.

1. Toudabò, pale avèk cherif-adjwen depatman lojman ou oswa avèk yon manm pèsònèl medikal la. Si yo **pa ka** rezoud plent lan, mande pou pale avèk sèjan inite a oswa avèk ofisye ki responsab la (OIC).
2. Si sèjan inite a, oswa OIC a pa kapab jwenn yon solisyon pou plent lan, ou kapab ranpli yon **Fòm Doleyans Prizonye**. Se ou menm ki pou deside si pou w ranpli oswa si pou w pa ranpli fòm plent lan.
3. Ranpli fòm **Doleyans Prizonye** a nan kyòsk inite lojman an oswa devan yon cherif-adjwen.
4. Ou fèt pou soumèt doleyans yo nan **senk (5) jou ouvrab** apre lè ou vin okouran ensidan / pwoblèm nan.
5. Y ap voye fòm **Doleyans Prizonye a** nan biwo kòmandan sant detansyon an, epi answit I ap voye I bay otorite konpetan an pou bay yon repons. W ap resevwa yon repons alekri nan dis (10) jou ouvrab ki vini apre dat biwo kòmandan sant detansyon an resevwa plent ou.
6. Si ou pa satisfè avèk repons lan, ou kapab fè apèl dirèkteman ba kòmandan sant detansyon an. Pou fè sa, ou kapab ranpli seksyon apèl fòm doleyans lan. Ou fèt pou soumèt apèl la nan senk (5) jou ki vini apre dat ou resevwa repons alekri a. W ap resevwa yon repons final nan **ven (20) jou ouvrab**. Si kòmandan sant detansyon an pa kapab bay yon repons pou doleyans ou avèk satisfaksyon nan ven (20) jou ouvrab, y ap ba ou yon rezon alekri nan ven (20) jou ouvrab sa yo pou fè ou konnen pou kisa li pa kapab bay yon repons pou doleyans ou. Answit, kòmandan sant detansyon an ap reponn ou pou li fè ou konnen dèle rezonab ki prevwa pou jwenn yon repons. Sonje, ou pa kapab toujou jwenn repons ou vle a, epitou yo pa kapab rezoud pwoblèm yo imedyatman.
7. Liy Medyatè a disponib **sèlman** apre pwosesis demann ak doleyans lan fin epuize, epitou ou pa ta dwe itilize li pou rapòte pwoblèm blokaj nan telefòn.(954) 935-6723
8. Men pou sa ou **pa kapab pote plent** – kondisyon klasman, mezi disiplinè, ak asiyasyon depatman lojman. Si ou genyen pwoblèm konsènan zafè sa yo, ou fèt pou ale nan pwosedi apèl. Pou fè sa, ou fèt pou soumèt yon **Fòm Demann Prizonye. (AL GADE SEKSYON PWOSEDI POU FÈ APÈL KONT MEZI DISIPLINÈ AK KLASMAN)**
9. Doleyans prizonye apa fèt pou soumèt pou chak pwoblèm ki kapab reprezante yon doleyans. Nou p ap aksepte doleyans angwoup pou plizyè prizonye sou yon sèl fòm.

KLASMAN: N ap klase ou nan 72 èdtan ki vini apre dat arestasyon ou. N ap afekte ou nan yon nivo minimòm gadavi, gadavi mwayen oswa maksimòm selon kritè Klasman Gadavi a san Patipri. N ap mete ou nan yon zòn nan prizon an ki satisfè bezwen ou ak bezwen sant gadavi a. Pandan ou nan prizon an, nou kapab deplase ou plizyè fwa. Lè nou chanje kote nou mete ou nan prizon an, yon Cherif-adjwen ap fè ou konnen sa, epitou ou fèt pou konfòme ou avèk lòd li ba ou pou sa. **Si ou refize swiv lòd yon manm pèsònèl ba ou, sa kapab lakòz manm pèsònèl la fè yon rapò disiplinè sou ou, epi mete ou kote nan prizon an ki gen plis restriksyon. Nou kapab diminye nivo gadavi ou ak mete ou kote ki genyen mwens restriksyon nan prizon an depi ou swiv tout règ ak règleman sant detansyon an, epitou depi ou montre bon konduit ak/oswa depi ou patisipe nan tout pwogram yo.** Si ou vle patisipe nan youn nan pwogram ki disponib yo, ou kapab soumèt yon fòm demann prizonye nan Inite Klasman an pou yo revize fòm nan. Klasman pa yon pwoblèm ki kapab reprezante yon doleyans. Ou kapab fè apèl kont klasman ou depi ou soumèt yon fòm demann prizonye. Si ou genyen nenpòt enkyetid konsènan kote ou ye nan prizon an, oswa si ou bezwen bay enfòmasyon nan Inite Klasman an, pale avèk nenpòt Cherif-adjwen oswa soumèt yon fòm demann prizonye nan Inite Klasman an.

INITE SIPÈVIZYON DIRÈK: Inite sipèvizyon dirèk yo ankouraje pou genyen bon jan komunikasyon ant anplwaye yo ak prizonye yo, kèk nan inite sa yo jwenn oryantasyon nan pwogram ki anwole prizonye yo. Faktè ki

pi enpòtan pou detèmine ki prizonye pou mete nan inite sa yo se nivo klasman ak konpòtman enstitisyonèl. Si toutan ou montre ou kapab konfòme ou avèk règ ak règleman prizon an **epitou** ou byen konpòte ou toutan yon fason ki konsistan avèk apwòch sipèvizyon dirèk la, nou kapab chwazi ou pou mete ou nan inite sa yo. Men si ou montre yon konpòtman moun ki maledve, san respè, ajitè oswa vyolan, ou p ap kalifye pou nou mete ou nan selil sa yo.

Depi ou fin antre nan yon inite ki anba yon sipèvizyon dirèk, n ap oryante ou sou règ sipèvizyon dirèk la. Si ou chwazi pou pa respekte règ sa yo, n ap retire ou nan inite sipèvizyon dirèk la epi n ap mete ou ankò nan yon selil. Selon fason ou vyole règ la, nou kapab pran mezi disiplinè kont ou. Sa kapab gen konsekans sou nivo klasman ou ak sou kote nou mete ou nan prizon an. Sonje se ou ki responsab pou konduit ou ak zak ou yo.

KOURYE: Kourye k ap antre ak sòti yo **fèt genyen non ou** te bay lè ou te jwenn arestasyon ou, nimewo arestasyon ou (CIS #), kote ou ye nan prizon an, ak adrès postal sant detansyon kote ou ye a. **Pa itilize adrès pèsònèl ou kòm adrès pou yo voye kourye ou tounen ba ou.** Ou fèt pou itilize adrès bwat postal chak sant detansyon ki endike nan lis anba la a. N ap louvri ak enspekte tout kourye (**eksepte kourye legal yo**) pou verifiye si genyen kontrebann ladan yo anvan nou remèt yo ba ou. Nou p ap louvri kourye legal yo sof si ou prezan.

N ap retounen kourye ki gen foto/dokiman endesan ak kourye nou panse ki reprezante yon menas pou garanti oswa sekirite anplwaye yo, prizonye oswa sant detansyon an ba moun ki voye yo. Si ou vle resevwa dokiman ki bibliye nan yon sous deyò, ou fèt pou ranpli yon Fòm Demann Prizonye. Fòm nan pral jwenn kòmandan prizon pou li fè revizyon, epi pou li bay otorizasyon. Ou fèt pou peye davans pou tout dokiman ki bibliye nan sous deyò, epitou se mezon piblikasyon an oswa vandè otorize a ki fèt pou voye dokiman sa yo ba ou pa lapòs. Ou fèt pou soumèt demann pou tèks relijiye enpòtan tankou Labib, Tora oswa Koran alekri ba Omonyè a sou yon Fòm Demann Prizonye.

Genyen plizyè kalite materyèl lekti ki disponib nan Bibliyotèk Lwazi a. Chak prizonye kapab konsève yon total de (2) atik dokiman lekti nan selil yo. (Sant detansyon ki pwokire liv pwogram yo pa fè pati nan total sa a.) Nou kapab aksepte rad pou mete pou prezante nan tribinal ak atik espesifik tankou linèt, pwotèz oditif, elatriye pa lapòs si ou genyen otorizasyon davans **Property Unit** (Inite Pwopriyete) ak/oswa **reprizantan BSO**.

Kourye pou voye ale yo fèt pou adrese nan yon anvlòp tenbre/kat postal. Ou kapab achte anvlòp tenbre/ kat postal yo nan Magazen an. Magazen an ap bay twa (2) kat postal ak yon (1) kreyon chak semèn, sou demann, pou prizonye yo kwè ki endijan yo. Si yon prizonye genyen yon balans yon dola (\$1.00) oswa mwens pase sa sou kont li, n ap konsidere li kòm yon prizonye ki endijan. Si w ap voye yon kourye regilye deyò prizon an, ou fèt pou bay kourye a san li pa kachte. Apre yon cherif-adjwen fin enspekte kourye a, ou kapab kachte li anvan ou remèt li nan sèvis kourye a, men ou fèt pou make aklè sou li "**Legal Mail**" (**Kourye Legal**). Yo pran epi yo delivre kourye yo chak jou sof jou samdi ak dimanch (ak gwo jou ferye yo).

Ou pa kapab voye oswa resevwa kourye nan yon lòt sant koreksyonèl oswa nan yon lòt sant detansyon, sof si ou jwenn otorizasyon kòmandan sant detansyon kote w ap voye kourye yo ak kòmandan sant detansyon kote w ap resevwa kourye yo. W ap jwenn adrès sant detansyon yo ak adrès postal bilding gadavi nou yo anba la a.

Tout kourye ki sòti nan bilding gadavi Konte Broward fèt pou sele avèk deklarasyon sa a: Atansyon: This letter originates from a Broward County Jail Facility. (Lèt sa a sòti nan yon Bilding Gadavi Konte Broward). Inmate mail is uncensored and the Sheriff cannot assume responsibility for its contents. (Kourye prizonye a pa gen restriksyon sou li, epi Cherif la pa kapab pran responsablite pou sa ki nan kourye a.)

ADRÈS BILDING PRIZON:

Main Jail Bureau
555 SE 1st Avenue
Fort Lauderdale, Florida 33301

North Broward Bureau
1550 North Blount Road
Pompano Beach Florida 33069

Prizon Joseph V. Conte
1351 NW 27th Ave
Pompano Beach Florida 33069

Paul Rein Facility
2421 NW 16 St
Pompano Beach, Florida 33069

ADRÈS POSTAL:

Main Jail Bureau
P.O. Box 9356
Fort Lauderdale, Florida 33310

North Broward Bureau
P.O. Box 407037
Fort Lauderdale, Florida 33340

Prizon Joseph V. Conte
P.O. 407016
Fort Lauderdale, Florida 33340

Paul Rein Facility
P.O. Box 407003
Fort Lauderdale, Florida 33340

SÈVIS NOTÈ: Sèvis notè disponib nan Inite Klasman an avèk yon fòm kòrèk idantifikasyon jan sa endike nan Lwa Eta Florid sou Notè (Egzanp: Lisans Chofè oswa I.D. eta Florid, paspò ameriken - fèt pou ajou oswa ou fèt pou genyen yon nan dènye senkan yo). Si ou pa genyen idantifikasyon kòrèk ki nan Inite Pwopriyete a, ou kapab pote dokiman idantifikasyon an nan sant gadavi kote ou ye a, epitou ou kapab bay li nan Inite Klasman an. Inite Klasman an kapab fè sèvis sa a ant 8:00 am – 7:00 pm chak jou.

SITWAYEN ETRANJE / ETRANJE KI GEN REZIDANS LEGAL: Prizonye ki pa sitwayen ameriken yo gen dwa pou yo kominike avèk konsila peyi yo. Tout sitwayen etranje gen dwa pou notifiye ak kontakte konsila yo, kèlkeswa sityasyon viza oswa imigrasyon yo Ozetazini. Depi ou fè demann lan, oswa si ou se yon sitwayen yon peyi ki mande notifikasyon obligatwa, n ap notifiye san pèdi tan konsil oswa ofisyèl peyi ki pi pre a, pou nou fè yo konnen ou an gadavi / arete. Answit, depi ou fè demann lan, nou kapab ba ou nimewo telefòn pou kontakte anbasad la pou lòt kominikasyon.

PRIVILÈJ TELEFÒN: Chak inite genyen telefòn ki disponib pou ou itilize. Nan moman anrejistremant ou, apèl lokal yo gratis(epi ou kapab pase sis minit sèlman pou chak apèl), men apèl entè-iben yo ap fèt a frè vire. Pa genyen apèl entènasyonal ki disponib. Nan chak zòn/inite depatman lojman, **chak** apèl telefonik fèt dire **trant (30) minit** oswa mwens, pou chak sesyon, jan kòmandan sant detansyon an detèmine sa, epitou nou konsidere apèl yo kòm apèl a frè vire. Telefòn yo ap fèmen nan moman fèmte prizon an, lè y ap fè kontaj prizonye, lè y ap fè netwayaj, nan moman repa, epitou pou divès pwoblèm sekirite. **Pou fè yon apèl nan telefòn, w ap bezwen antre yon nimewo PIN. Nimewo PIN ou se nimewo CIS# ou (nimewo arestasyon ou).**

Si manm fanmi ou ak zanmi ou gen pwoblèm pou yo resevwa apèl telefonik ou yo, epi yo ta renmen mande yon **BLOCK** oswa yon **UNBLOCK** nan telefòn yo, oswa si yo genyen kesyon sou fason pou yo kreye yon kont **DIRECT BILL** oswa yon kont **PREPAID** avèk T-Netix, tanpri mande yo pou yo rele T-Netix nan nimewo 1-877-800-5729.

Nòt: Se sèlman moun ki enskri pou telefòn nan ki kapab Debloke nimewo a.

Answit, pou zafè telefòn ki bloke, ou fèt pou sa depi ou ranpli yon Fòm Demann Prizonye epi ou voye fòm ou ranpli a ba Kowòdonatè Kominikasyon Prizonye.

Nòt: Si w ap rele yon telefòn selilè, mèt telefòn nan fèt pou louvri ak konsève yon kont ki peye davans avèk T-Netix.

Prizonye yo pa gen dwa pou yo ni fè ni patisipe nan apèl telefòn a twa. Si ou vyole règ sa a, sa ap lakòz ou pèdi privilèj telefòn nan epi yo kapab pran mezi disiplinè kont ou. Telefòn nan se yon privilèj nou ba prizonye yo pandan yo nan gadavi, epi si ou fè abi privilèj sa a, n ap mete li sou restriksyon pou ou.

Anrejistremant ak Kontwòl Apèl Telefonik:

- **Apèl Telefonik pou pale ak moun ki pa Avoka:** Nou kontwòle ak anrejistre apèl telefonik ou fè pou pale ak moun ki pa pou avoka (fanmi, zanmi, elatriye). Anplwaye sant gadavi a, lapolis, pwokirè yo ak lòt moun kapab revize apèl telefonik sa yo.
- **Apèl Telefonik pou pale avèk Avoka:** Nou pa kontwòle oswa anrejistre apèl telefonik ou fè pou pale avèk Biwo Avoka ki Plede pou Gratis nan Konte Broward. Nou **pa** fèt pou kontwòle ak anrejistre apèl telefonik ou fè pou pale avèk lòt avoka piblik oswa prive **si** apèl telefonik lan se pou rele nimewo telefòn yon avoka ki anrejistre nan Bawo **ofisyèl** eta Florid epi ki gen yon kabinè avoka nan Konte Broward, nan konte Palm Beach, oswa nan konte Dade.

Si ou fè yon apèl telefonik pou pale avèk kabinè avoka piblik oswa prive ki nan Konte Broward, nan Konte Palm beach oswa nan Konte Dade, pou rele nimewo telefòn selilè yon avoka, oswa pou rele nimewo telefòn nenpòt lòt avoka ki pa anrejistre nan bawo eta Florid, nou fèt pou kontwòle ak anrejistre apèl telefonik sa a menm jan ak apèl telefonik ou fè pou pale ak moun ki pa avoka.

Si ou gen pou peze yon chif pou aksepte anrejistremant yon apèl telefonik pou avoka ou, w ap rele sou yon liy anrejistre epi si ou kontinye apèl la, nou fèt pou kontwòle ak anrejistre li.

Move Itilizasyon Privilèj Telefòn:

1. Si yon moun ta fè kòmandan sant detansyon an konnen li pa vle resevwa apèl telefonik ou, ou p ap kapab kontakte moun sa a nan telefòn ditou. Depi nou fin fè ou konnen restriksyon sa a, nenpòt lè ou ta eseye kominike ak moun sa a nan telefòn, n ap konsidere ou vyole règ sa a, epitou nou kapab pran mezi disiplinè kont ou.
2. Si ou fè abi sou sèvis kominikasyon nan telefòn, nou fèt pou mete restriksyon sou privilèj telefòn nan pou ou. Men kèk egzanp abi:
 - a. Pratik asèlman oswa fè koutfil endezirab
 - b. Fè menas, di betiz oswa nui moun nan telefòn
 - c. Fè apèl telefonik ki vyole lwa leta oswa lwa federal, prensip konpayi telefòn, oswa règ oswa règleman DOD nan nenpòt fason
 - d. Domaje oswa detwi nenpòt ekipman telefòn
 - e. Fè apèl telefonik a twa
 - f. Itilize telefòn pou mennen yon aktivite komèsyal/illegal, epi
 - g. Pale nan yon kòd nou pa kapab idantifye

Lòt Enfòmasyon pou Telefòn: Genyen enfòmasyon pou telefòn pou manm fanmi ak zanmi ki disponib anliy nan sit wèb www.sheriff.org

NIMEWO TELEFÒN GRATIS:

Abi Dwòg/Alkòl

Broward Addictions Recovery Center-BARC- (Tretman pou abi Alkòl oswa Dwòg) (954) 765-4200
Pwogram Spectrum (TASC)..... (954) 777-2977
Liy Kriz / Liy Dirèk 24/24 pou Abi Alkòl/Dwòg (954) 537-0211
Liy Kominote pou Konsèy sou Menas (954) 935-6724

FASON POU APLIKE POU YON AVOKA KI PLEDE POU GRATIS: Si w ap chèche sèvis yon avoka ki plede pou gratis, yon reprezantan Biwo Avoka ki Plede pou Gratis ap fè yon antrevi avèk andedan sant gadavi a, epitou l ap ba ou yon Aplikasyon pou Sitiyasyon Endijan Kriminèl. Biwo Avoka ki Plede Gratis la ap fè ou konnen alekri sou ou kalifye oswa si ou pa kalifye pou jwenn yon Avoka ki Plede ou Gratis pou reprezante ou. Depi yo afekte yon Avoka ki Plede pou Gratis pou ou ak yon nimewo dosye, w ap bezwen itilize enfòmasyon sa yo pou tout korespondans/kominikasyon avèk biwo Avoka ki Plede pou Gratis la. Nimewo telefòn pou Biwo Avoka ki Plede pou Gratis la endike anba la a.

Fason pou Jwenn Enfòmasyon sou Tribinal

Si ou gen akizasyon pou yon **Krim** epi ou ta renmen jwenn enfòmasyon sou:

- Pwochen **Jou pou prezante nan Tribinal** oswa **Mosyon ki mande**:..... Rele 954-831-5519
(Ou fèt pou genyen Nimewo Arestasyon ou-[CIS #] oswa Nimewo Dosye ou)
- **Avoka** ou oswa **Jij** ou:..... Rele 954-831-5519
(Ou fèt pou genyen Nimewo Arestasyon ou-[CIS #] oswa Nimewo Dosye ou)
- **Avoka ki pral Reprezante** ou **pou Gratis la**..... Rele (954)-831-6000
- Si yon reprezantan Biwo Avoka ki Plede pou Gratis la pa t wè ou nan 48 èdtan ki vini apre dat arestasyon ou:..... Rele 954-831-6000

Si ou sou Pwobasyon oswa si ou gen akizasyon yon Deli oswa yon vyolasyon règ Sikilasyon machin, rele nimewo telefòn ki anba la yo, si yo afekte dosye ou nan:

- **Central Courthouse**..... Rele 954-357-5900
- **North Satellite**..... Rele 954-831-1280
- **South Satellite-Li pa disponib nan North Broward** Rele 954-831-0482

- **West Satellite**.....**Rele 954-831-2300**

NÒT: TELEFÒN SANT GADAVI A AP PÈMÈT OU KONPOZE NIMEWO TELEFÒN AVOKA K AP REPREZANTE OU GRATIS LA OU DIRÈKTEMAN.

- **Inite Reprèzantasyon Bonè** – Si yon reprèzantan Biwo Avoka ki Plede pou Gratis la pa t wè ou nan 48 èdtan ki vini apre dat arestasyon ou – a rele (954) 831-6000.
- **Divizyon Sèvis Kliyan** – Si ou genyen yon pwoblèm avèk santans ou, oswa avèk Avoka yo ba ou pou Reprèzante ou pou Gratis la – rele (954) 831-8830.

Chris Cloney (Avoka Aksyon Kolektif) **(954) 523-7272**
 Apèl telefonik pou pale ak Chris Cloney se pou zafè ki asoye **SÈLMAN** avèk kondisyon anprizonman detaye ou nan Dekrè Konsantman aksyon koleksyon, yon kopi sou sa afiche nan inite lojman ou. Tanpri **pa rele** Chris Cloney pou mande enfòmasyon sou **Jou ou gen pou prezante nan Tribinal, sou Jij ou, sou Avoka ki Plede pou Gratis**, sou pwoblèm avèk **santans ou jwenn lan**, sou pwoblèm avèk **Avoka yo afekte pou Reprèzante ou pou Gratis**, oswa sou **konsèy legal**. **Nou kreye nimewo telefòn ki endike anwo a pou ede ou avèk pwoblèm sa yo.** Si enfòmasyon ou mande a **PA ASOSYE** avèk Dekrè Konsantman an, **pa rele nimewo sa a.**

Child Support Depository **(954) 357-8800**
Crime Stoppers (TIPS) **(954) 493-8477**
Pwogram Day Reporting Reentry Center..... **(954) 964-0414**

LWA ANFAVÈ AMERIKEN KI ANDIKAPE (ADA): N ap mete prizonye andikape yo nan popilasyon jeneral la sof si yon afektasyon lojman ta ka menaje sekirite anplwaye yo oswa lòt prizonye yo. Nenpòt lojman espesyal pou prizonye andikape ap baze sou analiz ka-pa-ka bezwen prizonye a ak sekirite sant detansyon an.

N ap ofri adaptasyon pou prizonye ki avèg oswa ki mal pou wè yo, nan dokiman ki ekri an gwo karaktè, nan sèvis lekti oswa nan volontè pou fè lekti pou yo. Si ou ta bezwen youn nan adaptasyon sa yo, tanpri fè Kòmandan Sant Detansyon an konnen sa. Se Kòmandan Sant Detansyon an k ap ofri adaptasyon pou prizonye ki gen pwoblèm pou tande oswa pou prizonye ki soud yo nan itilizasyon entèprèt langaj siy.

Founisè swen sante ap asire tout prizonye ki bezwen pwotèz oditif (aparèy pou tande pi byen) jwenn li nan yon manyè ki apwopriye. Founisè swen medikal la responsab tou pou ofri swen sante mantal, swen medikal ak swen soulajman pou nenpòt prizonye andikape ki bezwen yon swen konsa. Si ou ta bezwen nenpòt nan sèvi sa yo, ranpli yon Fòm Demann Medikal, epi remèt fòm ou ranpli a ba yon manm pèsònèl medikal la.

Prizonye ki soud yo oswa ki gen pwoblèm pou tande oswa ki genyen yon manm fanmi, avoka, ofisyè pwobasyon, ofisyè libète sou kondisyon, oswa lòt pwofesyonèl ki afilye avèk dosye yo ki sou oswa ki gen pwoblèm pou tande ap jwenn opòtinite pou itilize yon aparèy T.D.D oswa T.T.Y pou yo kominike. Ou kapab fè aranjman avèk kòmandan sant detansyon an pou konnen lè ak kote pou itilize aparèy T.D.D. depi ou ranpli yon fòm Demann Prizonye. Sa ap bay prizonye a opòtinite pou angaje nan kominikasyon nan yon fason ki enteresan. Aparèy TDD ak TTY disponib nan tout sant detansyon yo.

KATYE: Selil oswa zòn dètwa kote yo mete ou a reprèzante katye **ou**. W ap resevwa atik pou netwayaj chak jou pou ou kapab kenbe katye ou yon manyè ki pwòp. Cherif-adjwen ki afekte pou zòn lan ap fè enspeksyon selil la ak zòn dètwa yo chak peryòd. Se oumenm k ap responsab pou kenbe kabann nan oswa matla yo ba ou a (lenj yo, zòrye a, kouvrelè a, elatriye) pwòp ak annòd nan moman ki pa lè pou dòmi. Nou bay kouvrelè ak dra yo sèlman pou itilizasyon ou fèt pou fè ak yo. Kouvrelè ak dra yo fèt pou rete sou matla ou, sof lè cherif-adjwen yo ap chanje lenj lan.

Ekleraj, deflektè ak fenèt yo ap rete san ankonbreman toutan. Nou p ap tolere ou mete atik sou limyè yo, sou deflektè yo, ak sou fenèt yo, epitou si ou ta fè sa, n ap pran mezi disiplinè kont ou.

Ou pa fèt pou tache okenn atik nan miray selil yo – miray yo fèt pou vid epitou nou pa dakò pou domaje miray yo. (sètadi Grafiti)

Pa pran rès manje nan manje ou pou tounen nan selil ou ni pou mete nan katye ou, ni pou ou manje pita, **sof si ou gen otorizasyon manm pèsònèl medikal la pou sa.** Se sèlman atik alimantè ou achte nan Magazen prizon an, oswa atik alimantè ki gen otorizasyon pèsònèl medikal la nou dakò pou ou mete nan selil ou oswa nan katye

ou. Ou gen pèmisyon **sèlman** pou konsève kantite limite atik regilye magazen an nan men ou nenpòt kilè (Kantite espesifik lajan pou genyen an endike nan inite lojman an / ak oswa nan kyòsk la). Si ou genyen atik magazen an anplis nan men ou, n ap konsidere li kòm kontrebann, epitou n ap pran li.

Fè cherif adjwen ki responsab selil ou an konnen nenpòt pwoblèm ou genyen nan selil ou (sètadi pwoblèm plonbri, limyè ki pa fonksyone). Lè ou fè cherif-adjwen an konnen yon pwoblèm san pèdi tan, reparasyon ap fèt nan yon dèle rezonab.

ENFÒMASYON SOU TABLO AFICHAJ: Chak inite / zòn lojman genyen yon tablo afichaj / kyòsk elektwonik ki montre aktivite ki pwograme pou inite/zòn lojman an, ak lòt enfòmasyon ki anrapò ak tout tan ou pase pandan ou nan prizon an.

IJANS / PWOSEDI POU TOUT MOUN DEPLASE: N ap mande ou pou patisipe nan egzèsis pou deplase chak trimès / egzèsis pou deplase sizoka gen dife. Li enpòtan pou abitye ou avèk direksyon chema pou ijans / pou deplase ki afiche nan zòn depatman lojman ou. Si ta gen yon dife ki pran, Si ta gen yon gwo ijans oswa egzèsis regilye pou deplase, rete kalm ak trankil epi tandè enstwiksyon cherif-adjwen ou ap ba ou.

AFÈ PÈSONÈL: (Atik nou Aksepte ou genyen andedan Selil la): Atik pèsònèl ou kapab genyen nan selil ou prezante nan *In-Cell Allowable List* (Lis Atik nou Aksepte ou genyen andedan Selil ou), jan sa endike nan tiliv enfòmasyon, epitou atik sa yo afiche nan zòn depatman lojman ou. Si ou genyen yon atik ki pa nan Lis Atik nou Aksepte ou genyen nan Selil ou, n ap konsidere atik sa a kòm yon kontrebann. Si ou pa konfòme ou avèk gid Lis Atik nou Aksepte ou genyen andedan Selil ou, sa kapab lakòz nou sezi ak jete atik kontrebann yo san nou pa ranbouse pou yo, epitou nou kapab pran mezi disiplinè kont ou.

RAD POU METE POU PREZANTE NAN TRIBINAL: Nou aksepte rad pou mete pou prezante nan tribinal sèlman anvan **ijman ou avèk jiri** Si ou pwograme pou yon pwosè avèk jiri, ou kapab abiye avèk rad tribinal nou ba ou nan prizon kote ou an gadavi a. Ou kapab mete yon sèl abiman pou tribinal nan chanm prizon an, sof si avoka ou fè aranjman espesyal, epi Depatman Detansyon an apwouve aranjman an. Nou pa aksepte ou mete rad pou mete pou prezante nan tribinal okenn lè nan selil ou. Se Inmate Property Unit (Inite Pwopriyete Prizonye) ki responsab pou apwouve demann rad pou mete pou prezante nan tribinal. **Nou pa aksepte prizonye mete ni tenis ni bòt pou yo prezante nan tribinal.**

Nou kapab pote rad tribinal yo ba ou nan bilding DOD kote ou ye a, 24 èdtan pa jou, sèt (7) jou pa semèn.

Nou pa aksepte rad tribinal pou prizonye federal ki an gadavi nan BSO pou lojman sèlman. Nou kapab fè aranjman pou rad tribinal pou prizonye federal yo avèk Sèvis Marechal Etazini.

Ou kapab jwenn rad pou mete pou prezante nan tribinal nan aswè anvan dat pou prezante nan tribinal la, depi cherif-adjwen ki desèvis nan premye peryòd la konnen ou bezwen mete rad pou prezante tribinal nan maten. Ou pa kapab ni prete ni boukante rad tribinal ou. Ou pa kapab mete rad tribinal pèsònèl ou, sof lè ou nan tribinal **pou yon ijman avèk jiri**. Si ou vyole règ sa a, nou kapab pran mezi disiplinè kont ou.

DISTRIBISYON RAD AK ATIK POU KOUCHE: Depi nou ba ou yon nimewo depatman lojman an, w ap resevwa atik pou kouche ak inifòm ki pwòp. Men sa ki nan atik pou kouche: yon (1) lenn, de (2) dra, de (2) sèvyèt (pou twalèt) ak yon (1) kouvrel. Yon inifòm genyen ladan (selon prizon kote ou an gadavi a) swa yon (1) pyès konplè, oswa pantalon long ak yon chemiz. Se oumenm ki responsab pou konsève byen konte yo ba ou yo. Si ou chanje inifòm nan oswa atik pou kouche yo, epi /oswa si nou ta jwenn lòt inifòm oswa lòt lenj nan selil ou, nou kapab pran mezi disiplinè kont ou poutèt sa. Nou kapab akize ou kòm kriminel si ou detwi oswa chanje byen konte a.

IJYÈN PÈSONÈL: Prizonye ki nan Popilasyon Jeneral la ap gen obligasyon pou benyen omwen de (2) pa semèn.

SÈVIS LESIV: Lesiv rad yo ak lenj yo fèt selon orè bilding prizon kote ou ye a. Depi nou ba ou yon nimewo depatman lojman an, w ap resevwa atik pou kouche ak inifòm ki pwòp.

Nou chanje inifòm yo omwen de (2) fwa pa semèn. Nou fè lesiv souvètman de (2) fwa pa semèn. Nou chanje lenj omwen yon (1) fwa pa semèn.

Nou fè lesiv rad pèsònèl yon (1) fwa pa semèn. Depatman Detansyon an **pa responsab** okenn atik pèsònèl ki domaje, pèdi oswa vòlè pandan pwosesis lesiv la. Nou ofri sèvis lesiv pou atik pèsònèl sa yo selon chwa ou fè, epitou sonje ou itilize sèvis la sou pwòp risk ou.

Jou ak lè espesifik yo fè sèvis lesiv yo afiche nan inite depatman lojman endividyèl ou.

Nou pa aksepte ou konsève inifòm ak / oswa lenj siplemantè, epitou sa ka lakòz nou pran mezi disiplinè kont ou.

KONTREBANN: Kontrebann gen ladan nenpòt atik yon prizonye posede, oswa nenpòt atik nou jwenn nan selil li, oswa nenpòt atik nou jwenn atè, ki swa pa legal selon lalwa swa pa otorize nan bilding prizon DOD, avèk tou men pa sèlman, zam, dwòg, lajan, atik ki pa nan lis atik nou otorize pou genyen nan selil ou, rad anplis oswa rad ki boukante, lenj anplis oswa lenj ki boukante, oswa atik nou otorize pou genyen nan selil ou, men ki boukante, atik ki deranje parapò ak jan yo te ye anvan, oswa atik ki fèt ak kèk bagay pou fè sèvis li pa dwe fè, epitou nenpòt atik ak objè nou pa t distribiye ofisyèlman, nenpòt atik ak objè ou pa t achte nan Magazen an, nenpòt atik ak objè anplwaye sant detansyon pa t apwouve. N ap sezi atik kontrebann yo, epi si ou posede atik kontrebann, nou kapab pran mezi disiplinè kont ou ak/oswa akize ou kòm kriminèl.

FOUY: Nou kapab fè fouy sou ou, nan zòn / inite lojman ou **nenpòt kilè** pou rezon sekirite ak pou rezon ijyèn. Si nou ta jwenn atik kontrebann sou ou oswa nan selil ou, nou kapab akize ou kòm kriminèl epi / oswa nou kapab pran mezi disiplinè entèn kont ou.

RÈG AK DISIPLIN: Kontwòl konduit prizonye a kòmanse depi nan moman admisyon ou nan sant detansyon an. Ou gen obligasyon pou obeyi règ ak règleman sant detansyon an ak Kòd Konduit Prizonye ki nan tiliv enfòmasyon sa a, epi ki afiche nan zòn depatman lojman ou. Si ou vyole yon règ oswa yon règleman, sa kapab lakòz nou pran mezi disiplinè kont ou, epi w ap resevwa yon rapò disiplinè alekri (D.R.) pou sa. Disiplin **pa vle di** sanksyon ki enkonstitisyonèl, ilegal, enjis, egzajere, oswa ki reprezante reprezay oswa vanjans.

DEFINISYON:

Konsèy Pratik/Avètisman Vèbal: Rezolisyon enfòmèl konduit prizonye ki pa konfòme yo. Yon avètisman alekri ak / oswa yon avètisman vèbal anplwaye ba ou pa egzijè pou genyen yon rapò disiplinè alekri.

Restriksyon nan Sal: Rezolisyon enfòmèl konduit prizonye ki pa konfòme yo. Yon prizonye gen restriksyon pou yon ti tan nan selil li, epi privilèj li yo sispann tou pou yon ti tan.

Rapò Disiplinè: Se yon rapò ki sèvi kòm sipò pou vyolasyon règ ak règleman, epitou rapò a sèvi tankou yon pati pwosesis disiplinè fòmèl.

Izòlman Disiplinè: Se depatman lojman kote pou yo mete yon prizonye yo jwenn ki koupab nan yon Rapò Disiplinè.

Izòlman Anvan Odyans: Se yon depatman lojman ki lwen ak popilasyon jeneral prizon an pou yon prizonye ki annatant yon odyans disiplinè oswa k ap tann yo fin fè yon ankèt epitou ki reprezante yon danje pou pwòp tèt li ak pou lòt prizonye yo si yo ta mete li ansanm avèk popilasyon jeneral prizon an.

- Rapò sou Vyolasyon Règ:** Depi genyen temwen nan yon vyolasyon règ, oswa apre ankèt ki fèt montre genyen vyolasyon yon lwa leta oswa yon règ prizon an (dapre prèv, deklarasyon temwen, oswa kòz posib), anplwaye yo ap pran mezi san pèdi tan. Sa ka lakòz reprimand vèbal, konsèy pratik, restriksyon nan sal, yon Rapò Disiplinè (D.R.), oswa pouswit kont ou jan cherif-adjwen an ak sipèvizè ki an fonksyon an endike sa.

Depi yo fin fè yon D.R., ofisyè responsab ki desèvis la kapab otorize **izòlman anvan odyans** (Se yon depatman ki lwen ak popilasyon jeneral prizon an pou yon prizonye ki annatant yon odyans disiplinè oswa k ap tann yo fin fè yon ankèt).

Y ap revize sitiyasyon anvan odyans ou selon Klasman li nan twa (3) jou, wikenn ak jou ferye konte. Si rezon pou izòlman anvan odyans lan, ki te òdone anvan, pa egziste ankò, w ap retounen nan popilasyon jeneral prizonye yo annatant odyans disiplinè a. Anplis mezi disiplinè a, ou ka gen obligasyon pou peye pou pwopriyete oswa byen ki domaje, detwi oswa detounen.

Lè yo fin fè yon D.R., rapò a ap gen ladan:

- a. Règ espesyal ou vyole a (yo);
 - b. Yon rapò fòmèl sou akizasyon an
 - c. Nenpòt konpòtman iregilye prizonye a
 - d. Non temwen ki fè pati manm pèsonèl la
 - e. Yon eksplikasyon ensidan an avèk non moun ki patisipe a, sa ki te pase a, epi lè ak kote ensidan an te rive;
 - f. Nenpòt prèv fizik ak dispozisyon li
 - g. Nenpòt mezi ki te adopte san pèdi tan, epitou itilizasyon lafòs
 - h. Siyati anplwaye ki prepare rapò a, dat ak lè rapò a fèt, epi
 - i. Yon deklarasyon prizonye ki akize a fè alekri.
2. **Ankèt:** Y ap soumèt D.R. la ba yon sipèvizè k ap kòmanse fè yon ankèt nan vennkat (24) èdtan apre lè yo te rapòte ensidan an. Lè ankèt la fini, w ap resevwa yon kopi D.R. la.
3. **Pwosesis Odyans Disiplinè:** Yon Komite Odyans Disiplinè genyen ladan twa (3) manm pèsonèl la; y ap deziyen youn (1) ladan yo kòm prezidan odyans lan. Odyans ou ap fèt nan senk (5) jou ouvrab apre dat rapò a fin prepare. Lè odyans lan fini, w ap resevwa yon kopi Committees Actions Sheet (Rapò Aksyon Komite) sou apwobasyon Depatman Detansyon an.
- a. Si ou genyen akizasyon pou yon vyolasyon règ, w ap asiste odyans lan sof si ou renonse dwa sa a alekri oswa si danje pou sekirite ou pa anpeche ou prezan. Rezon pou absans ou oswa pou esklizyon ou nan odyans lan prezante nan rapò a.
 - b. W ap gen opòtinite pou fè yon deklarasyon epi pou prezante prèv avèk dokiman nan odyans lan, epi ou ka mande temwen yo pou yo prezante sou non ou. Si ou jwenn refi pou demann ou, y ap prezante rezon an sou dokiman nan rapò a (sètadi risk pou sekirite, adrès temwen).
 - c. Y ap ofri w èd manm pèsonèl la depi ou fè demann lan. Prezidan Odyans Komite Disiplinè a ap deziyen yon reprezantan lè yo wè ou pa kapab ni jwenn ni prezante bon jan prèv pou pwòp tèt ou.
4. **Desizyon Disiplinè:**
- a. **Anilasyon Akizasyon / Vyolasyon Règ:** Pa gen prèv ase pou itilize pou fè yon odyans disiplinè.
 - b. **Pa Koupab:** Yo pa jwenn prizonye a koupab nan fè vyolasyon yo akize li a apre yo fin fè odyans disiplinè a.
 - c. **Koupab:** Yo te jwenn bon jan prèv ki montre akize a koupab.
5. **Sanksyon:** Sa ki anba la a se yon lis sanksyon yo kapab pran kont ou si yo jwenn ou koupab.
- NÒT: Ou kapab resevwa youn oswa yon melanj sanksyon ki annapre yo:
- a. Yon konsèy pratik / reprimand vèbal Prezidan Odyans Komite Disiplinè a apre odyans lan.
 - b. Pwobasyon: se yon peryòd tan espesyal avèk dispozisyon pou yo pran sanksyon kont ou si ou vyole pwobasyon an. Peryòd tan sa a p ap depase trant (30) jou.
 - c. W ap pèdi privilèj yo pou yon ti tan pandan yon peryòd tan espesyal, sa p ap depase trant (30) jou.
 - d. Travay anplis pou yon peryòd tan ki p ap depase trant (30) jou;
 - e. Detansyon disiplinè a pa fèt pou depase trant (30) jou; epi / oswa
 - f. **Konfiskasyon Byen / Kredi-an-jou pou diminye tan santans:** Yo ka sezi Byen / Kredi-an-Jou yon prizonye k ap pije santans li nan konte a genyen poutèt li vyole yon lwa leta oswa règ sant detansyon an. Cherif la genyen otorizasyon pou fè sezi nenpòt oswa tout byen yon prizonye ak kredi-an-jou sou santans li dapre otorite delege a nan *County Ordinances* yon fason ki konfòm avèk dispozisyon ki nan Standard Operating Procedure “**Inmate Rules And Discipline.**”
 - g. **Peman pou pwopriyete oswa byen ki domaje, ki detwi oswa ki pase nan detounman.**
6. **Pwosesis pou Fè Apèl Kont Mezi Disiplinè:** Depi odyans disiplinè ou fin fèt, n ap fè ou konnen si yo jwenn ou koupab oswa si yo pa jwenn ou koupab. Si nou jwenn ou koupab, n ap fè ou konnen rezon ki fè nou pran desizyon an. Si nou jwenn ou koupab, prezidan komite a ap konseye ou pou egzèsè dwa ou genyen pou fè apèl kont desizyon an. Pou fè sa, w ap itilize **Fòm Demann Prizonye a ki nan kyòsk inite lojman an.** Si ou deside fè apèl kont desizyon an, ou **fèt** pou soumèt fòm lan nan kenk (15) jou ki vini apre dat odyans lan nan biwo (kaptenn) kòmandan sant detansyon an. Kòmandan sant detansyon an, oswa yon reprezantan li, ap apwouve, rejte oswa chanje desizyon Komite Disiplinè a alabès. W ap resevwa enfòmasyon sou desizyon kòmandan sant detansyon an alekri, nan senk (5) jou ki vini apre dat yo resevwa apèl ou.

KÒD KONDUIT

Men règ ak prensip ki detèmine konduit ak disiplin prizonye yo pandan yo an detansyon nan sant detansyon BSO yo. Kòd Konduit Prizonye a afiche nan tout Inite Depatman Lojman yo. Si ou pa konfòme ou avèk règ sa yo, sa kapab lakòz nou pran mezi disiplinè kont ou.

Nenpòt vyolasyon nan kategori "A" ki prezante anba la a kapab lakòz ou izòlman disiplinè ou pandan trant (30) jou, restriksyon nan sal la jiska apeprè trant (30) jou, ak/oswa pèt yon pati nan kredi-an-jou ou genyen sou santans ou, si yo ta jwenn ou koupab.

- A-1** Agresyon oswa bay kou oswa tantativ pou fè agresyon oswa pou bay kou avèk yon zam ki ka touye moun.
- A-2** Goumen avèk yon lòt moun.
- A-3** Menase yon lòt moun pou fè domaj sou li, ak bouch oswa alekri, nenpòt atak sou moun nan oswa sou zafè li.
- A-4** Refize konfòme ou ak lòd nenpòt manm pèsònèl la.
- A-5** Konduit dezòdone oswa entèwonp sekirite oswa dewoulman lòd nan enstitisyon an.
- A-6** Fè chantaj, fè rakèt, bay pwoteksyon, mande oswa resevwa lajan oswa nenpòt bagay ki gen valè pou ou kapab bay pwoteksyon kont lòt moun pou evite domaj sou kò, oswa anba menas pou bay enfòmasyon.
- A-7** Fè zak seksyèl avèk lòt prizonye, fè kadejak oswa fè tantativ kadejak.
- A-8** Pa kanpe lè y ap konte prizonye oswa entèwonp rapò kontaj la.
- A-9** Sove, tantativ pou sove, planifye pou sove oswa posede ekipman pou sove.
- A-10** Mete yon degizman oswa mask pou ou sove nan prizon an.
- A-11** Mete dife oswa tantativ pou mete dife.
- A-12** Detwi, chanje oswa domaje byen gouvènman oswa byen lòt moun ki vo plis pase \$300.00 (300 dola).
- A-13** Trike oswa bloke nenpòt seri pòt oswa nenpòt aparèy sekirite (sètadi kamera, fenèt, elatriye).
- A-14** Kontaminasyon nenpòt manje oswa bwason pou yon objektif.
- A-15** Posede oswa montre nenpòt eksplozif, minisyon, revòlvè oswa zam.
- A-16** Posede nenpòt atik nou pa otorize ki reprezante yon gwo menas pou sekirite enstitisyon an (sètadi, bwason abaz alkòl, dwòg, revòlvè/zam, pwazon, sibstans asid oswa sibstans toksik, inalan).
- A-17** Itilize, posede, prepare, oswa vann dwòg, estipefyan oswa medikaman pèsònèl medikal prizon an pa preskri, oswa bwason abaz alkòl; itilize oswa posede medikaman otorize men ki pa nan preskripsyon; ou anba nenpòt bwason abaz alkòl.
- A-18** Patisipe oswa ankouraje lòt prizonye nan revòlt, nan atak, nan fè zak rebelyon oswa nan gwo dezòd swa alekri oswa nan bouch.
- A-19** Patisipe nan manifestasyon an gwoup oswa ankouraje sa.
- A-20** Ankouraje lòt prizonye pou yo refize travay oswa patisipe nan arè travay.
- A-21** Falsifye, imite oswa fè kopi dokiman, atik, oswa pyès idantifikasyon, lajan, sekirite oswa papyè ofisyèl nou pa otorize.
- A-22** Itilizasyon kourye oswa telefòn san otorizasyon, pou: mennen aktivite kriminel jan sa defini nan lalwa leta.
- A-23** Bay oswa ofri nenpòt ofisyèl oswa manm pèsònèl la lajan anba-tab, oswa nenpòt bagay ki gen valè.
- A-24** Vòlè lajan oswa nenpòt bagay ki gen valè, oswa aksepte lajan oswa nenpòt bagay ki gen valè, sou non yon lòt prizonye, nan men yon manm fanmi, yon zanmi oswa yon patnè.

Nenpòt vyolasyon nan kategori "B" ki endike anba la a kapab lakòz izòlman disiplinè ou pandan katòz (14) jou, restriksyon nan sal la pandan apeprè katòz (14) jou, ak/oswa pèt jiska (30) jou sou kredi-an-jou ou genyen sou santans ou, si yo ta jwenn ou koupab.

- B-1** Fè avans seksyèl ba moun oswa fè menas sou moun.
- B-2** Zak endesan (montre kò ou yon fason ki endesan). Zak endesan swa nan jès, alekri oswa nan bouch.
- B-3** Detwi, chanje, oswa domaje byen gouvènman oswa byen lòt moun ki vo mwens pase \$299.00.
- B-4** Vòlè zafè moun (vòl).
- B-5** Posede atik nou entèdi lè atik yo depase kantite nou otorize oswa lè yo chanje (sètadi, rad anplis oswa rad ki chanje, lenj anplis oswa lenj ki chanje, lajan, elatriye.)
- B-6** Prete zafè oswa nenpòt bagay prizonye ki gen valè epi ki pa distribye ofisyèlman nan prizon an.
- B-7** Domaje oswa chanje abiman, atik pou kouche, lenj oswa matla oswa lòt atik nou distribye.
- B-8** Refize travay.
- B-9** Absans san motif nan travay oswa nan nenpòt sa yo ba ou fè.
- B-10** Refize fè travay selon enstriksyon sipèvizè a.
- B-11** Patisipe nan yon reyinyon oswa yon rasanbleman ki pa otorize.
- B-12** Rete nan yon zòn ki pa otorize.
- B-13** Refize konfòme ou avèk règleman sekirite oswa ijyèn.
- B-14** Fimen oswa posede oswa itilize nenpòt pwodui abaz tabak kote ki entèdi.

- B-15** Itilize yon langaj deregle oswa gwosye sou lòt moun.
- B-16** Jwe pou lajan, prepare oswa òganize jwèt pou lajan, posede oswa ekipman pou sèvi nan jwèt pou lajan.
- B-17** Fè salte, oswa rete andezòd, refize kenbe katye ou pwòp dapre estanda ki afiche yo.
- B-18** Mete tatou sou kò ou oswa sou kò lòt prizonye.
- B-19** Blese kò ou poukont ou.
- B-20** Pran kontak ki pa otorize avèk piblik la oswa ak lòt moun sou non yon lòt prizonye.
- B-21** Dezobeyisans règleman sant detansyon an. **(Vyolasyon sa yo chanje apèn nan sant detansyon an, epitou yo afiche nan tout inite departman lojman endividyèl yo.)**

Vyolasyon règ ak règleman sa yo kapab pa lakòz ou jwenn sanksyon disiplinè sèlman, men lè ou fè vyolasyon yo twò souvan, sa ap lakòz chanjman nan kondisyon klasman ou. Kondisyon sa a detèmine sant detansyon an ak inite kote ou ye a (sètadi Main Jail, Conte, elatriye). Yon chanjman kondisyon klasman kapab lakòz move konsekans sou nivo anprizònman ou ak/oswa sou departman lojman kote nou mete ou.

VYOLANS SEKSYÈL / AGRESYON SEKSYÈL (KADEJAK):

Kongrè a te adopte Lwa sou Eliminasyon Kadejak nan Prizon nan dat 4 septanm 2003. BSO kreye yon règleman zewo tolerans konsènan move konduit seksyèl oswa abi sou prizonye. Ou gen dwa pou pa jwenn entimidasyon oswa presyon manm pèsònèl la, entimidasyon oswa presyon prizonye yo, oswa entimidasyon oswa presyon lòt moun pou fè oswa pou angaje nan konduit seksyèl, kèlkeswa sityasyon ou oswa preferans seksyèl ou.

Move konduit seksyèl defini kòm nenpòt konduit oswa zak seksyèl yon manm pèsònèl sant detansyon an, yon volontè, yon vizitè, reprezantan yon ajans oswa lòt moun fè sou yon prizonye pandan prizonye a nan Sant Gadavi Konte Broward. Sa genyen ladan zak oswa tantativ pou fè zak tankou, men pa sèlman:

1. Kadejak, atak seksyèl, abi seksyèl, aktivite pou anvizaje avantaj seksyèl yon lòt moun, asèlman seksyèl, konduit seksyèl, gwosyète seksyèl oswa yon vyòl entimite san rezon; epi
2. Genyen ladan tou konvèsasyon oswa korespondans ki sijere yon relasyon seksyèl womantik ant yon prizonye ak nenpòt moun ki endike anwo a.
 - **PREVANSYON** - move konduit seksyèl kapab reyalize lè ou konnen moun ki nan antouraj ou. Pa aksepte kado oswa favè, paske pifò vini avèk fisèl ki tache yo. Pa aksepte òf pou jwenn pwoteksyon. Se pou sa anplwaye koreksyon yo la isit la. Montre ou vijilan. Itilizasyon dwòg kontrebann kapab afekte jijman ou. Montre ou dirèk ak fèm lè ou di non pou aktivite ou pa vle yo. Si ou pè pou sekirite ou, fè nenpòt manm pèsònèl prizon an konnen sa touswit.
 - **RAPÒTAJ** – move konduit seksyèl kapab fèt swa nan vèbalman oswa lè ou itilize yon Fòm Demann Prizonye. W ap jwenn pwoteksyon kont moun ki fè agresyon sou ou a, epitou y ap rekòmande ensidan an ba yon enspektè pou mennen ankèt sou ensidan an. Ou kapab bezwen yon egzamen medikal. Pa netwaye ou, paske li enpòtan pou nou egzamine ou anvan ou lave kò ou, anvan ou chanje rad ou oswa anvan ou itilize twalèt. Tout rapò konsènan idantite moun ki viktim kadejak ak enfòmasyon rapò a limite sèlman pou moun ki fèt pou konnen pou yo kapab pran desizyon konsènan byennèt ou epitou pou mennen yon ankèt sou ensidan an.
 - **ANKÈT** – Biwo Cherif la ap mennen ankèt la. Objektif ankèt la se pou detèmine kalite ak enpòtans move konduit la. Nou kapab mande ou pou fè yon deklarasyon, epitou si yo fè akizasyon kriminèl moun ki fè agresyon an sou ou, nou kapab mande ou pou vin bay temwayaj ou. Pandan pwosesis sa a, Inite Klasman an ap bay viktim lan ak/ oswa moun yo sispèk la yon kote apwopriye pou li rete pou kapab asire sekirite li.
 - **TRETMAN AK KONSÈY** – Manm pèsònèl medikal la ap ba ou konsèy. N ap rekòmande ou pa yon Defansè Viktim. Sizoka ou bezwen plis asistans pou siviv, Omonye a oswa founisè swen sante mantal ki gen kontra ak sant detansyon an ap ba ou plis asistans.

Konsèy pou Evite Vin yon Viktim:

- Konpòte ou avèk konfyans toutan. Pa kite lòt moun wè ou gen emosyon (laperèz / enkyetid) ou.
- Pa aksepte kado ak favè nan men lòt yo. Anpil fwa yo vini avèk fisèl ki tache sou yo.
- Pa aksepte òf pwoteksyon nan men lòt prizonye yo.
- Chèche yon manm pèsònèl ou santi alèz avèk li pou fè li konnen laperèz ak enkyetid ou yo.
- Montre ou vijilan epi chèche konnen moun ki nan lantouraj ou yo.
- Montre ou dirèk ak fèm, si lòt moun mande ou pou fè yon bagay ou pa vle fè, pa ezite rapòte enfòmasyon sa a yon manm pèsònèl prizon an.

- Ou dwe kwè entuisyon ou. Si ou santi yon sitiyasyon ki kapab danjere pou, se pètèt sa. Si ou pè pou sekirite ou, fè **nenpòt** manm pèsònèl prizon an konnen sa imedyatman.

Si ou santi ou alèz pou rapòte kalite ensidan sa a dirèkteman ba yon manm pèsònèl prizon an, ou kapab itilize youn nan sa yo:

- Pwosesis doleyans, jan sa endike nan lis anba a
- Liy telefòn Medyatè a
- Liy Telefòn avoka aksyon kolektif
- Afè Entèn

Moun ki vyole règ yo ap resevwa lòt akizasyon kriminèl ak mezi disiplinè entèn, epitou yo kapab jwenn re-klasman yo ki kapab lakòz yo nan yon pi wo nivo gadavi ak afektasyon nan lòt kote ki genyen restriksyon.

Nòt: Nenpòt moun ki fè espere pou pote yon fo plent ap jwenn mezi disiplinè / pouwit nan lajistis.

PRIZONYE KI SOU RESTRIKSYON OSWA KI ANSENT:

1. Nan okenn sikonstans, yo pa dwe mare janm, jwenti, oswa tay sou yon prizonye fanm ki ansent oswa ki gen tranche oswa k ap akouche.
 2. Yo p ap mare ponyèt yon prizonye fanm ki ansent pandan li gen tranche, pandan l ap akouche oswa lè li refè apre akouchman an - sof si kòmandan sant detansyon an ta kwè si li pa mare prizonye fanm nan l ap reprezante yon sikonstans ekstrawòdinè. Y ap fè yon Rapò Evènman k ap endike sikonstans ekstrawòdinè a.
 3. Si yo mare tay yon prizonye fanm ki ansent, y ap mare tay la devan pou yo kapab pwoteje tèt yo sizoka prizonye fanm nan ta tonbe sou devan.
-

VIZIT:

1. Orè vizit la afiche sou Kyòsk oswa sou tablo afichaj ki nan zòn/inite depatman lojman ou. Li endike jou ak lè ou kapab resevwa vizitè.
2. N ap ba ou opòtinite pou jwenn de **(2)** èdtan vizit pa semèn. Ou kapab wè **sèlman** (2) vizitè anmenmtan.
3. Nou pèmèt minè vizite ou sèlman lè yon paran oswa yon gadyen legal akonpaye yo, sof si kòmandan sant detansyon an oswa reprezantan li otorize, anvan vizit la, pou yon lòt adilt akonpaye minè a.
4. Moun ki prezante tèt yo kòm paran oswa gadyen legal minè a fèt pou bay dokiman legal ki sipòte deklarasyon responsablite lagad yo (sètadi, batistè, papyè adopsyon, dokiman tribinal bay ki endike yo genyen responsablite lagad, elatriye).

RÈG POU VIZITÈ YO: Tanpri fè vizitè ou yo konnen règ ki anba la yo:

- Vizitè yo fèt pou genyen gen bon jan foto idantifikasyon ki resan. **(SAN IDANTIFIKASYON – PA GEN VIZIT)**
- Vizitè yo fèt pou vini alè.
- Vizitè yo fèt pou obeyi kòd abiman an. (Li anba a, “Kòd Abiman Vizitè”)
- Nou kapab fè fouy sou vizitè yo avèk ti tap oswa fouy elektwonik pou nou chèche atik kontrebann. Timoun yo fèt pou genyen yon adilt ki akonpaye yo pou sipèvize yo toutan.
- Vizitè yo pa ka an libète sou kondisyon, ni sou pwobasyon, ni an libète nan travay san pèmisyon ekri davans kòmandan sant detansyon an.
- Nou pa aksepte vizitè yo wè plis pase yon prizonye nenpòt ki jou. Nou kapab akòde yon eksepsyon si vizitè a se yon manm fanmi pwòch plis pase yon prizonye ki fèmen nan sant detansyon an. Se kòmandan sant detansyon ki kapab pran desizyon pou akòde lòt eksepsyon yo.
- N ap sispann vizit la si vizitè yo ap fè zak oswa jès ki endesan. Si nou mande ou pou ale, tanpri fè sa san pèdi tan.
- Nou **PA** aksepte vizitè yo pase/bay okenn atik pou yon prizonye. **(Nou kapab arete vizitè ki vyole règ sa a.)**

Tanpri fè vizitè ou yo konnen transpò a disponib nan otobis konte yo, nan tramway anba lavil la oswa nan taksi. Yo ta dwe kontakte estasyon otobis yo pou yo konnen enfòmasyon sou trajè yo. N ap mete enfòmasyon yo disponib nan tout antre sant detansyon DOD yo.

KÒD ABIMAN VIZITÈ: Si vizitè ou refize konfòme l avèk kòd abiman an, nou kapab refize li wè ou oswa nou kapab sispann vizit ou.

Men kòd abiman k ap aplike pou toutan:

- a. Vizitè yo fèt pou mete chemiz ak soulye.
- b. Nou p ap aksepte vizitè ki mete rad avèk mo oswa desen ki imilyan oswa menasan.
- c. **Nou entèdi** akote (kòsaj ki pa gen ni manch ni bretèl), kostim debèn, kòsaj san manch, kòsaj san bretèl, kòsaj ki gen bretèl fen tankou espageti, rad lejè, rad ki montre kò oswa rad pwovokan, nenpòt rad ki ekspoze vant, bout pantalon, mini wòb, ak mini jip ki parèt twò kout.

Si manm pèsonèl prizon kwè abiman yon vizitè pa apwopriye, vizitè a ka mande kòmandan ki desèvis la pou revize desizyon an. Desizyon kòmandan ki desèvis la final.

SÈVIS SWEN MEDIKAL: Nou p ap refize okenn prizonye swen medikal, swen sante mantal oswa swen dantè pandan li an gadavi. Fasilite pou peye pou swen medikal pa gen rapò sou swen nou ofri a. Genyen pwofesyonèl medikal kalifye ki disponib pou ofri swen medikal, swen dantè ak swen sante mantal nan tout sant detansyon BSO.

Yon enfimiyè te fè tès medikal ou nan moman pwosesis admisyon an. Si ou pa t bay enfimiyè a tout enfòmasyon kòrèk sou dosye medikal ou, epitou sou nenpòt medikaman w ap pran sou preskripsyon ak sou bezwen medikal espesyal ou ka genyen (avèk tou kondisyon alimantè ou), ou ta dwe kontakte pèsonèl medikal prizon an san pèdi tan.

Nan premye de (2) semèn lè ou fin antre nan prizon an, n ap fè yon evalyasyon medikal sou ou okonplè k ap genyen ladan yon egzamen pou depiste tibèkiloz ak yon egzamen fizik. Yon fwa ankò, li ta pi bon pou ou si ou kolabore ak pèsonèl medikal prizon an pou ba yo tout enfòmasyon kòrèk yo. Tès pou depiste tibèkiloz la obligatwa.

Tout prizonye yo ta dwe konnen genyen yon enfeksyon po ki rele "MRSA" ki ka komen nan sant gadavi a ak nan anvivònman prizon an. Enfimiyè a ta dwe evalye blesi ou genyen sou po ou ki sanble ak kote areye mòde ou oswa ki sanble ak fiwonk. Ou p ap peye anyen pou sa. Pi bon prevansyon pou fè se bon jan ijyèn pèsonèl, sitou lave men ou, pa mete menm rad ak lòt moun, pa sèvi ak menm sèvyèt ak lòt moun.

AKSÈ: Sèvis swen medikal yo fasil pou jwenn depi w ranpli yon **Fòm Demann Medikal**. Fòm sa yo disponib chak jou nan men enfimiyè a pandan l ap fè ti vizit medikal yo. Ou **dwe** remèt enfimiyè a fòm demann ou ranpli a, men pa remèt fòm nan ba cherif adjwen an. Sonje ou fèt pou fè demann sèvis medikal yo alekri nan yon fòm Demann Medikal, men pa nan yon fòm Demann Prizonye.

BARÈM FRÈ: Gen yon barèm frè pou divès kalite sèvis medikal ki afiche nan Kyòsk ki nan zòn/inite depatman lojman ou. Si ou genyen lajan sou kont ou, n ap pran frè a nan kont ou. Si ou genyen mwens pase \$1.00 (yon dola), n ap debite frè a nan kont ou epi nap pran frè a annapre lè vin genyen lajan ki disponib sou kont ou. Nan nenpòt ki moman, nou p ap refize ou sèvis swen medikal paske ou pa genyen mwayen pou peye pou sa. (W ap toujou resevwa swen medikal, swen dantè ak swen sante mantal menm si ou kapab peye ni lè ou pa kapab peye pou sa.)

Premye egzamen medikal/dantè yo gratis, ansanm ak lòt sitiyasyon ki prezante epi afiche nan zòn/inite depatman lojman ou. Genyen medikaman san preskripsyon ak medikaman pou soulaje doulè ki disponib nan magazen an. Ou p ap peye anyen pou sa ki annapre yo:

- Sèvis sante mantal
- Preskripsyon ak medikaman sikotwòp
- Premye egzamen medikal / sante mantal / dantè
- Vizit suivi yon eta sante si doktè a pwograme sa nan swasant (60) jou apre premye vizit la
- Evalyasyon medikal
- Tès pou depiste maladi kontajye, tibèkiloz ak MRSA
- Swen pandan ou entène nan sèvis sante mantal ak nan lòt sèvis espesyal
- Sèvis laboratwa
- Pami sèvis pou kontwòl gwo risk, genyen: tès gwo risk; swen regilye ak swen anvan akouchman pou gwo risk; kontwòl gwo risk pou fanm delenkan ki gen akoutimans nan pwodui chimik; èd siko-sosyal ak

asistans okonplè pou sipòte desizyon fanm delenkan an konsènan edikasyon, adopsyon oswa avòtman timoun nan; nitrisyon konvnan; epitou suivi apre akouchman

- Enfestasyon tankou pou ak gratèl
- Swen medikal ijan ki bezwen entèvansyon medikal deyò san pèdi tan
- Tretman blesi akòz itilizasyon lafòs, batay ant prizonye, tchèk restriksyon, ak blesi prizonye pa lakòz sou pwòp tèt yo
- Egzamen medikal ki nesèsè pou vin yon travayè prizonye
- Blesi yon travayè prizonye resevwa nan travay

Si w ap pran medikaman sou preskripsyon lè ou jwenn liberasyon ou, n ap ofri ou yon dòz pou twa (3) jou lè ou prale jan Florida Model Jail Standards 7.27.10 prevwa sa, sof si se doktè sant medikal la ki fèt pou prepare dòz la.

SIDA / VIH: Genyen **tès VIH ak** enfòmasyon sou VIH ki disponib, depi ou mande pèsònèl medikal la oswa espesyalis pwogram ou.

STD (maladi moun trape nan relasyon seksyèl) ak Lòt Maladi Kontajye: Genyen divès depliyon ak bwochi sou divès kalite sijè medikal ki disponib, depi ou fè demann pou yo. (pa egzantp, MRSA, Sifilis, elatriye.)

SÈVIS SWEN CHEVE: Genyen sèvis swen cheve ki disponib pou tout prizonye. Sèvis swen cheve yo ap fèt yon fason ki konfòm avèk orè a. Ou kapab resevwa premye koup cheve ou nan trant **(30)** jou ki vini apre premye anprizònman ou, epi apeprè nan trant **(30)** jou annapre. Nou kapab anile règ trant **(30)** jou a pou rezon medikal, rezon ijyenik, oswa pou prizonye ki pwograme pou prezante nan tribinal. Si li nesèsè, koup cheve pou prizonye k ap prezante nan yon **pwosè** ap fèt nan twa **(3)** jou anvan dat pwosè a. Se ou menm ki responsab pou enskri non ou pou sèvis koup cheve selon orè a.

SÈVIS RELIJE: Genyen sèvis relije ki pwograme omwen yon fwa pa semèn pou pifò zòn / inite lojman yo. Gade kalandriye ou pou wè kilè sèvis yo disponib pou ou. Pa genyen konfèsyon nan pifò sèvis yo. Nou **p ap aksepte** ou asiste sèvis yo avèk atik tankou radyo, jwèt kat, ak liv lwazi oswa dokiman lekti. Men, n ap aksepte ou genyen yon (1) tèks nan men ou ki reprezante yon kwayans relije (sètadi, Labib, Koran, Tora, elatriye) nan sèvis relije yo.

Si w ap fè yon demann pou vini ak tèks ki reprezante kwayans relije (yon tèks sakre pou yon relijyon ki otorize) nan sant gadavi a, ou fèt pou soumèt demann lan ba Omonye a nan yon **Fòm Demann Prizonye**. Demann prizonye pou atik relije ak rad litijik fèt pou ale nan biwo Omonye a pou otorizasyon. Omonye a ak yon reprezantan relijyon ou fèt pou otorize tout atik relije pèsònèl ou anvan nou otorize ou anvan pou konsève atik la (yo).

LWAZI: Kalandriye pou lwazi andedan ak lwazi deyò (**si genyen bon tan**) afiche sou tablo afichaj la nan zòn/inite depatman lojman ou. Ou fèt pou enskri pou lwazi nan fòm enskripsyon nou ba ou nan inite depatman lojman ou. Nou p ap ba ou pèmision pou patisipe nan okenn lwazi si ou pa enskri pou sa.

Enskripsyon pa nesèsè nan kèk sant detansyon BSO akòz plan lakou rekreyasyon an. Mande cherif-adjwen ki asiye nan depatman lojman ou si enskripsyon nesèsè nan zòn lojman ou. Ou fèt pou rete **trankil ak kalm** lè y ap mennen ou nan zòn lwazi yo.

PWOGRAM YO: Divizyon **Sèvis Konduit Moun ki an Gadavi (ICBSD)** ofri aktivite siko-edikasyonèl enteresan pou prizonye yo pou yo kapab abòde faktè atitud ak faktè sikolojik asosye ki lakòz ak kontinye lakòz konsekans abi alkòl/dwòg ak/oswa konduit ki lakòz yon moun ale nan prizon. Pwogram yo ofri prizonye yo yon gwoup aktivite ki pwograme chak jou. Pami aktivite sa yo, genyen sesyon an gwoup, plan leson, afektasyon liv egzèsis, ak aprantisaj nan videyo ki melanje ak gwoup redrèsman an 12 Etap (AA/NA). Pwogram yo disponib pou prizonye gason ak prizonye fanm. Ou kapab patisipe nan pwogram yo sitou si tribinal bay lòd pou sa. Epitou, pwogram yo dire 30 jou. Anplwaye pwogram yo ap rekrute prizonye ki sèvi kòm volontè pou pwogram yo lè gen espas ki disponib pou mete kabann. Kit w ap patisipe avèk volonte ou, oswa kit w ap patisipe sou lòd tribinal, ou patisipe si ou satisfè kritè klasman pou nou mete ou nan inite lojman yon pwogram.

Genyen twa (3) eleman pwogram ICBSD ofri nan sant detansyon BSO yo:

PWOGRAM POU ABI ALKÒL/DWÒG (SAP): Eleman pwogram SAP se yon entèkansyon pandan 30 jou ki konsantre sitou sou edikasyon debaz pou abi alkòl/dwòg konsènan tèminoloji akoutimans, sibstans abi a, fason pou idantifye ak fason pou siviv avèk sa ki ka lakòz ou fè abi alkòl/dwòg, ak plizyè eleman emosyonèl akoutimans ak gerizon.

PWOGRAM POU VIN GEN LADRÈS NAN LAVI A: Eleman pwogram pou vin gen Ladrès nan Lavi a se yon entèkansyon pandan 30 jou ki genyen ladan enstriksyon sou abi alkòl/dwòg ak panse pou akoutimans, ladrès pou kontwòle tèt ou, fason pou edike pitit ou, planifikasyon pou lwazi ak planifikasyon pou asosyasyon avèk moun ki nan menm sitiyasyon ak ou, prevansyon pou pa retounen nan aktivite a, ak ladrès pou retounen ap viv nan kominote a.

PWOGRAM INITE SANTE MANTAL: Pwogram sante mantal se sèvis volontè yo ofri pou tout prizonye ki nan inite sante mantal nan North Broward Bureau. Sèvis sa yo genyen ladan gwoup siko-edikatif, entèkansyon pou kriz, terapi pou moun apa pandan yon ti tan ak planifikasyon pou egzeyat.

FÒMASYON ESPIRITYÈL: Pwogram sa a ofri yon sèl opòtinite pou ou patisipe nan yon sèvis aktivite espirityèl ou byen konprann. Y ap ofri ou yon anviwònman aprantisaj ki estriktire nan tèt ansanm avèk biwo Omonye ak volontè legliz yo.

EDIKASYON: Edikasyon se kle siksè pou lavni ou, epitou nou ofri ou plizyè opòtinite pou patisipe nan pwosesis sa a nan prizon BSO yo. Si ou vle patisipe nan pwogram lekòl la, epi ou pa genyen yon diplòm lekòl segondè, ranpli yon Fòm Demann Prizonye epi voye li nan Klasman ki mande pou patisipe nan pwogram sa yo. N ap evalye nivo konpetans ou, answit n ap mete ou nan yon Pwogram G.E.D. oswa nan yon pwogram A.B.E. Pou nou mete ou nan yon zòn / inite depatman lojman, w ap gen obligasyon pou obsève règ adisyonèl ki pa anvigè pou prizonye ki nan popilasyon jeneral la.

PWOGRAM N.A., A.A., AK VETERAN: Yo ofri sèvis pwogram volontè sa yo nan pifò zòn / inite sant gadavi a. Tanpri ale nan orè ki afiche sou tablo afichaj la nan zòn / inite depatman lojman ou. Soumèt yon fòm Demann Prizonye nan Klasman oswa pale avèk cherif-adjwen inite lojman ou pou kapab patisipe nan nenpòt nan sèvis sa yo. Nou pa aksepte atik lwazi tankou radyo, jwèt kat ak liv lwazi nan sèvis sa yo.

BIBLIYOTÈK LEKTI (LWAZI): Y ap mennen yon charyo oswa yon etajè liv mobil ki gen divès kalite dokiman lekti jeneral oswa y ap mete yo nan zòn/inite depatman lojman ou regilyèman. Tcheke kalandriye inite depatman lojman ou pou konnen jou ak lè ki bon pou ou. Genyen jounal ki disponib tou epi yo pote yo chak jou nan inite yo. Ou kapab achte divès kalite magazin nan magazin prizon an.

PWOGRAM DAY REPORTING AND REENTRY CENTER: Pwogram Day Reporting and Reentry (DRRD) se yon lòt chwa pou anprizònman ki deziyen pou soulaje sant gadavi ki genyen anpil prizonye gras ak sipèvizyon entansif kominote a. DRRD konsantre sou re-entegrasyon delenkan ki nan sant gadavi yo nan kominote a. Kèk patisipan jwenn lòd tribinal pou patisipe nan pwogram nan kòm yon kondisyon pwobasyon, menmsi tout prizonye ki jwenn liberasyon yo nan nenpòt lòt sant detansyon kapab jwenn aksè nan pwogram "Jail Transition to Community" (Tranzisyon ant Sant Gadavi ak Kominote) ki nan lòbi Prizon Prensipal la nan Fort Lauderdale. Responsab dosye yo ap travay avèk patisipan yo pou endike bezwen yo tankou asistans pou abi alkòl/dwòg, ladrès nan lavi yo, planifikasyon finansyèl, klas pou nivo preparasyon pou travay ak asistans pou jwenn travay.

LIBERASYON ANVAN PWOSÈ: Pwogram Liberasyon Anvan Pwosè fè pati inisyativ BSO pou pa retire moun yo akize kòm kriminel yo nan prizon anvan pwosè, kidonk pou ba yo yon apwòch entegre sou aplikasyon lalwa. Fonksyon primè li se pou fè antrevi avèk akize yo epi pou ba yo evalyasyon sou risk pou jij la pandan pwosesis Majistra a pou li kapab idantifye moun ki kapab elijib pou jwenn liberasyon, sou rekòmandasyon. Patrisipan yo genyen obligasyon pou yo konfòme yo avèk règ ak règleman pwogram lan, avèk tou kondisyon espesyal yo jan Jij ki prezide odyans lan mande sa.

Kondisyon sa yo kapab genyen ladan siveyans elektwonik ak rezidans siveye. Si ou pa respekte kondisyon liberasyon yo, sa kapab lakòz yo anile liberasyon an epi w ap retounen nan gadavi.

Si fanmi ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou règ ak règleman yo, sèvis ak pwogram yo ofri nan Depatman Detansyon ak Kontwòl Kominotè BSO, fè yo ale sou sit wèb: www.sheriff.org epi swiv lyen "Jail & Inmate Info".

LIS SÈVIS KI DISPONIB APRE LIBERASYON:

Abri:

Broward Coalition for the Homeless

Lyen nan kabann ki disponib nan abri Konte Broward.....(954) 561-5559

Covenant House

Abri pou ljans/tanporè ak entèkansyon ijan pou moun ki poko gen laj 21 ane, avèk oswa san tibebe; admisyon 24 èdtan pa jou
733 Breakers Avenue, Fort Lauderdale.....(954) 561-5559

Faith Farm

Pwogram reyabilitasyon Live-in Christ ki baze sou Alkòl / Dwòg pou gason ki gen laj 21 ane ak plis. Angajman 6 a 8 mwa minimòm; nan anwolman an ou kapab fè yon antrevi pou admisyon ou. Admisyon ant 9:00 A.M. ak 3:00 P.M.
1980 NW 9th Avenue, Fort Lauderdale..... (954) 468-1402

The Lippman Youth Center

Abri pou ljans/tanporè pou jèn timoun ki poko gen laj 18 tan; admisyon 24 èdtan pa jou
221 NW 43 Court, Oakland Park(954) 568-2801

Salvation Army

Abri pou ljans/Tanporè pou gason, fanm, fanmi
1445 West Broward Boulevard(954) 463-4572

Women in Distress

Abri ijan pou fanm ak timoun; admisyon 24 èdtan pa jou(954) 761-1133

Sèvis pou Abi Alkòl/Dwòg:

Alcoholics Anonymous

- North Center(954) 462-7202
- South Center.....(954) 462-0265

Broward County Alcohol and Drug Abuse

Admisyon 24 èdtan pou pasyan ki entène / pasyan ki pa entène / tretman pou abi alkòl oswa dwòg / konsèy siko-sosyal
1000 SW 2nd Court, Fort Lauderdale.....(954) 765-4200

Crisis Line (24 èdtan)(954) 739-8066

Narcotics Anonymous(954) 967-6755

Liy Èd Nar-Anon.....(954) 584-6578

Liy Pèmanan pou Abi Estipefyan (24 èdtan).....(954) 831-1579

Swen Sante:

Archways

Èd siko-sosyal ak tretman pou sante mantal
919 NE 3rd Street, Fort Lauderdale.....(954) 763-2030

Bayview Community Mental Health Center

Èd siko-sosyal ak tretman pou sante mantal
3501 South University Drive, Ste 6, Davie.....(954) 888-7999

Broward County Elderly and Veteran Services Division

Konsèy ak tretman pou moun ki gen plis pase 55 ane..... (954) 537-2936

Specialty Care CenterSwen medikal, swen dantè, medikaman, rekòmandasyon
1111 W. Broward Blvd, Fort Lauderdale..... (954) 463-7313**Henderson Mental Health Center**Èd siko-sosyal ak tretman pou sante mantal
311 NE 3rd Street, Fort Lauderdale..... (954) 463-0911**HIV-Jail Linkage Program**Evalyasyon sèvis medikal ak sosyal, rekòmandasyon, lojman, Sekirite Sosyal, pwogram pou abi dwòg, jesyon dosye
800 E. Broward Boulevard, Suite 301, Fort Lauderdale (954) 847-3593**North Broward Hospital District-Health Assistance Center**..... (954) 467-4705**Manje:****Pwogram Manje Lutheran Co-op**

1 NW 33rd Terrace, Fort Lauderdale (954) 792-2328

St. John's Episcopal Church

1704 Buchanan Street, Hollywood (11 am jiska 12 pm)..... (954) 921-3721

St. Lawrence Chapel (Jubilee Center)

1698 Blount Road, Pompano Beach..... (954) 785-8510

Sèvis pou Veteran yo:**Veteran's Center**

713 NE 3rd Avenue, Fort Lauderdale (954) 356-7926

Djòb:**Workforce One**

3800 Inverrary Boulevard, Suite 400, Lauderhill..... (954) 535-2300

Agency for Workforce Innovation

North Area - 2301 West Sample Road, Building 4 / Suite 7A, Pompano (954) 969-3541

South Area - 7550 Davie Road Extension, Hollywood (954) 967-1010

Pwogram Pwofesyonèl-Teknik:

Work Force One genyen yon pwogram ki fonksyone pou ansyen delenkan yo. Li ofri yo fòmasyon ak posiblite pou yo jwenn travay. Depi ou jwenn liberasyon ou, kontakte youn nan biwo *Work Force One* yo pou wè kijan yo kapab ede ou jwenn travay pou ou touche lajan.

Workforce One:

North Area - 2301 West Sample Road, Building 4 / Suite 7A, Pompano (954) 969-3541

South Area - 7550 Davie Road Extension, Hollywood (954) 967-1010

Central Area-2610 W. Oakland Park Blvd (954) 677-5555

Atlantic Technical CenterRanpli yon fòm aplikasyon pou akseptasyon ak admisyon
4700 Coconut Creek Parkway, Coconut Creek..... (754) 321-5100**McFatter Technical Center**

6500 Nova Drive, Davie..... (754) 321-5700

Sheridan Technical Center

5400 Sheridan Street, Hollywood (754) 321-5400

ENFÒMASYON KI ANBA LA YO AP EDE OU JWENN AKSÈ NAN TRETMAN SANTE MANTAL AK SWEN MEDIKAL KI NAN KOMINOTE A.

SI W AP VIV NAN **FORT LAUDERDALE** OSWA NAN **ZÒN NÒ** KONTE BROWARD:

TRETMAN SANTE MANTAL

HENDERSON CRISIS WALK-IN CENTER
4720 N. STATE ROAD 7 BLDG. B
LAUDERDALE LAKES, FL 33319
(954) 463-0911 oswa (954) 584-4987

BROWARD OUTREACH CENTER
1700 BLOUNT ROAD
POMPANO BEACH, FL 33069
(954) 979-6365

SWEN MEDIKAL

7th AVENUE FAMILY HEALTH CENTER
200 NW 7TH AVE.
FT. LAUDERDALE, FL 33311
(954) 759-6600

SWEN IJAN / POU IJANS
BGMC 1600 ANDREWS AVE
FT. LAUDERDALE, FL 33316
(954) 355-4400

SI W AP VIV NAN **HOLLYWOOD** OSWA NAN **ZÒN SID** KONTE BROWARD:

TRETMAN SANTE MANTAL

BAYVIEW MENTAL HEALTH CENTER
3501 S. UNIVERSITY DRIVE
DAVIE, FL 33314
(954) 888-7999

MEMORIAL REGIONAL HOSPITAL
3400 N. 29TH AVE.
HOLLYWOOD, FL 33020
(954) 987-2000

HENDERSON SOUTH (Jou pou vizit nan randevou se madi ak vandredi, 8:00 a.m. jiska midi)
1957 JACKSON STREET
HOLLYWOOD, FL 33020
(954) 921-2600

SWEN MEDIKAL

MEMORIAL PRIMARY CARE
4105 PEMBROKE ROAD
HOLLYWOOD, FL 33021
(954) 985-1551

***POU JWENN BENEFIT ANKÒ OSWA POU APLIKASYON, TANPRI KONTAKTE ADMINISTRASYON SEKIRITE SOSYAL NAN: 1-800-772-1213.**

***POU JWENN ABRI POU IJANS/LOJMAN POU YON TI TAN, TANPRI KONTAKTE LIY DIRÈK BEDS NAN: (954) 792-BEDS (2337) oswa rele "211" pou Premye Apèl pou Èd.**

***SI OU JWENN LIBERASYON OU APRE LÈ BIWO FÈMEN, TANPRI MACHE POU ALE NAN **BOC** KI NAN 1700 BLOUNT ROAD, ANWO LARI KOTE SANT GADAVI A YE. Y AP BA OU ABRI POU 3 JOU.**

SANT KOTE POU PASE

PEER CENTER (954) 202-7379
4545 POWERLINE RD
FT LAUDERDALE, FL 33309

9 MUSES ART CENTER (954) 746-2055
7139 W OAKLAND PARK BLVD
LAUDERHILL, FL 33311

LIS ATIK KI OTORIZE NAN SELIL (IN-CELL ALLOWABLE)

kaye adrès	1	po mou
batri	4	kantite prizonye a dwe genyen
liv / magazin	8	melanj lwazi (sèlman 2 ki otorize nan Bibliyotèk Lwazi a), dokiman edikasyonèl, oswa dokiman lekti relijye (po mou oswa po di)
peny / bwòs tèt	1 oswa lòt	
magazen (regilye)	\$60 prizonye a dwe genyen	eksepsyon nou apwouve yo pa ladan
vè kontak		avèk bwat konsèvasyon (genyen solisyon vè kontak pou vann nan magazen an)
fo dan	1 je	avèk yon bwat konsèvasyon
kat postal oswa anvlòp tenbre	rezonab*	nan Magazen an sèlman
pwotèz oditif		selon otorizasyon pèsònèl medikal
dokiman legal	1 bwat ki menm gwo ak bwat achiv	
medikaman san preskripsyon	kantite pou yon semèn	
plim / kreyon	2 nan chak	
lèt pèsònèl	rezonab*	
foto	rezonab*	okenn foto polawoyid / okenn desen oswa imaj ki sanble ak ou menm oswa yon prizonye yo konnen
linèt koreksyon		avèk yon bwat konsèvasyon
pwotèz		selon otorizasyon pèsònèl medikal
radyo (avèk/ kask)	1	
atik relijye / rad litijik	avèk otorizasyon Omonye	
lasèt soulye	1 pè	
bout pantalon	1 pè	kalite pou lwazi (san senti seraj oswa san pòch)
glisyè douch	1 pè	
tenis	1 pè	Travayè prizonye yo kapab genyen de (2) pè selon bezwen yo pou afektasyon yo nan djòb.
chosèt	3 pè	
chanday oswa switchòt	1	san kolye oswa kòl ki monte (koulè gri sèlman)
chemizèt	4	koulè blan sèlman - san logo oswa san anyen pa enprime sou li (chemizèt koulè blan sèlman san logo oswa san anyen pa enprime sou li)
souvètman	gason: 4 pè; fanm: 7 pè	
soutyen	2 (fanm sèlman)	
blòk-nòt pou ekri	2	

* Prizonye yo p ap gen pèmasyon pou anpile dokiman enprime ki ka reprezante yon danje dife nan zòn depatman lojman yo.

